


# NHASI UNO RUGWARO

## URWU RWAZADZIKISWA

 Chingorambai makamira, kana muchikwanisa, apo tiri kukotamisa misoro yedu kuti tinamate.

<sup>2</sup> Baba veKudenga vanodikanwa, tinotenda manheru ano nokuda kweuyu, mumwe mukanazve wekuuya pamwe nokuunza irori Vhangeri raJesu Kristu rinobwinya, rinoshamisa. TinoKutendai nokuda kwekuti Anoramba ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. TinoKutendai nokuda kwevanhu ava vaungana kunze kuno munguva ino iyi yokutonhora, kunyangwe zvakadaro vaine tarisiro yavo iri huru, vachitarisa, vachitenda kuti tichachipiwa chimwe chinhu chinoshamisa chichibva kuna Mwari. Tinouya netariro iyoyo, Ishe, kune musangano woga-woga. TinoKutendai nekuda kweshumiro, husiku hwemarimwezuro, patabhenakeri; tinoKutendai nekuda kweshumiro yezuro manheru, uye neshumiro yanhasi, patabhenakeri. Tiri kutarisira iko zvino kune izvo zvaMakatichengetera isu husiku hwanhasi.

<sup>3</sup> Baba, tinoziva kuti munhu wese anogona kufambisa maoko ake anogona kuvhura mapeji eBhaibheri, asi pane Mumwe oga Anokwanisa kuRiita benyu uye rive remazvirokwazvo, zvino ndiMi. Zvino, Baba, tiri kutarisira kwaMuri kuti multe izvozvo manheru ano. Tiropafadzei munzira dzose. Moyo yedu izere kwazvo nomufaro apo tichiona nguva ichisvika patichasangana naYe, chiso nechiso, Uyo watakada tikaramira makore ose aya.

<sup>4</sup> Vakatendeuka vatsva vakawanda, Ishe, vakaitwa. Tichinzwisisa kuti mhomho huru, makumi mana kana makumi mashanu, vachazenge vachibhabhatidzwa muZita reNyu, mangwanani, kubva mushumiro yamanheru apfuura. O Mwari, tapota enderera mberi, tinonamata, kusvikira Mbeu yose yakatemerwa yaMwari yaona Chiedza cheVhangeri, vapinda mudanga.

<sup>5</sup> TinoKukumbirai kuti mutivanze seri kweShoko manheru ano; tipofomadzei kune zvinhu zvenyika, uye multe kuti tione Jesu. Dai pakave nechitiko chepaGomo Rekushandurwa pakati pedu, manheru ano, kuti tisaone munhu kusara kwaJesu bedzi. Tinozvikumbara nemuZita raKe, uye nokuda kekubwinya kwaKe nokusimbiswa kwe Evhangeri yaKe. Amen.

Mungagare zvenyu pasi.

<sup>6</sup> Ndichatendeudza maikirofoni iyi, kana dhesiki iri, zvishomanani kurutivi, kana zvakanaka, kuti ndikwanise

kuona mativi ose eungano. Ndinodaira kuti ndinokwanisa kuve nemamaikirofoni aya padivi apa ndizvoka. Zvakanaka, mirai zvishoma.

<sup>7</sup> Tiri kukwazisa, kubva mune odhitoriyamu huru yacho pano manheru ano, shamwari dzedu dzokuArizona, California, Texas, nekwakapoteredza kwose muUnited States, nenzira yerunhare. Izvi, izvi zviri kuenda munyika yose, shumiro ino manheru ano, nenzira yerunhare, saka tinovimba kuti Mwari vachatiropafadza.

<sup>8</sup> Muri kunzwa here, shure uko muo—odhitoriyamu iri kuruboshwe? Zvakanakai, vachange vave kuongorora hurongwa hwerunhare, kuti vaone kuti huri kushanda zvakanaka here.

<sup>9</sup> Munhu wese ari kufara here manheru ano? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Saka, zvose zvakarungana! Ko kurutivi rwuno? [“Ameni.”] Ameni. Ndiri kufara kwazvo kuona kuti mose makagara zvakanaka.

<sup>10</sup> Zvino mangwana manheru, kana vanhu vakaramba vachiwedzera, pachange pane runhare rwuchashandiswa. Rwuripo manheru ano. Ndinofunga kuti vamwe vacho variko zasi kutabhenakeri.

<sup>11</sup> Zvino, mangwana mangwanani, shumiro hadzikwanise kunge dzichiitirwa patabhenakeri, nokuti ano . . . kunenge kune uyo anogadzira maruva ikoko achishongedza muchechi kuitira muchato mangwana masakati. Zvino vaendesa shu—shumiro, dzamangwanani, kunoitira kuchechi yeHama Ruddell, mumwe wevatinowadzana navo, kumusoro uko pa—pamugwagwa kuno, 62. Zvashambadzirwa here? [Hama Neville vanoti, “Hongu.”—Mupepeti] Zvashambadzirwa. Zvino, kana kukafashukira kumusoro ikoko, tinozatora vamwe vose vasara zvino totumira mumwe mushumiri zasi kweHama Junior Jackson, zasi kuClarksville. Chikonzero chekuva nayo kweHama Ruddell, pedyo nepano, uye tinogona . . . uye takafunga kuti zvinokuitirai nyore. Zvino taizogona kushanda nazvo neimwe nzira. Zvino ivai nechokwadi chokuva nerubhabhatidzo rwose rwuya mangwana, uye ndinotarira kuti kuchave nezana kana maviri achawedzwerwa kune vari kuzobhabhatidzwa mangwana. Uye zvino mangwana manheru . . .

<sup>12</sup> Handifarire kufanozivisa chinhu nguva yacho isati yasvika, asi umwe usiku mushumiro, kana rimwe zuva, ndichada kutaura pamusoro pechidzidzo chokuti: *Merkizedheki Uyu Ndiani?* Nokuti, ichi chi—chidzidzo chandinofunga kuti tiri kurarama munguva apo zvizaruro izvi, zvinova zvaive zviri mubvunzo tichidzika nemuzera, raiva, “Muchinda Uyu ndiani?” Zvino ndinotenda kuti Mwari ane mhinduro, kuti iYe aive Ani. Vamwe vakati, “huprisita,” vamwe vachiti, “mambo,” vamwe . . . Asi panofanirwa kunge . . .

13 Chero bedzi pangori nemubvunzo, panofanirwa kunge pane mhinduro kune mubvunzo iwoyo, yacho chaiyo. Hapangaite mubvunzo pasina mhinduro kutanga.

14 Zvino, tiri kuvimba kuti Mwari vachatiropafadza manheru ano kubva muShoko raVo, patinenge tichiRiverenga.

15 Zvino imi mange mune... Billy andiudza kuti ndikuudzei kuti mange zvechokwadi mune kubatirana kwakanaka nevanhu pano vanga vari muchirongwa chekupakwa kwemota, mapurisa nezvimwe zvose. Rambai makadaro; izvozvo zvakanyanyisa kunaka, kwazvo.

16 Tinotarira kuona nguva, zvimwe munguva iri pedyo, apo zvichida taizokwanisa kuunza tende kuno muguta zvino toiisa kumusoro kunze kuno munhandare yebhora, apo tinogona kuzogara kwenguva refu, pamwe mavhiki matatu kana mana, murumutsiriro, nguva dzose. Zvino pano hatimbonyatsozivana, ndipo patinofanira kuoneka tave kuenda zvino tobva taenda zvakare. Asi ndinoda kuuya ndogara kwenguva refu kwazvo, imwe nguva apo unokwanisa kugara zvokuti hatizovhara husiku humwe kana huviri, asi kungogara ndichidzidzisa, masikati nehusiku, masikati nehusiku, zvichingoenda zvakadaro. Pamwe mumwe munhu anongoenda onopa huku chikafu, okama mombe, odzoka zvakare svondo rinotevera racho oenderera mberi neshumiro. Ndi—ndinozvida izvozvo. Saka Ishe ngaave nemi.

17 Zvino, ndisati ndaenda, pamwe Svondo mangwanani kana Svondo husiku, kana imwe nguva, mune imwe shumiro, ndinoziva kuti mose makatomirira kunzwa Mharidzo pamusoro peZvokwadi ye*Kuroorana NeKurambana*, rinova rimwe rematambudziko makuru muzuva ranhasi. Uye ndingori nechokwadi sekumira kwandakaita pano, ndinotenda kuti mhinduro yechokwadi iri muShoko raMwari, uye ndinotenda kuti ndizvo zvandakavimbisa kuti ndichazozvidzokera.

18 Zvino ndinodaira, ndichiziva, sekuziva kwandingaite, ndinoda kuve neimwezve shumiro muno muJeffersonville, yemi weSvondo yepaEsta, uye ticha...kuitira shumiro yemambakwedza, uyezve Svondo yeEsta. Saka tichafanozvizivisa zvino toedza zvichida kuwana odhitoriyamu, kana zvichibvira, kana kumwe kunhu, kuitira Svondo, zvichida ndouya Mugovera neSvondo. Ndinofanirwa kubhururuka ndouya ndobva ndadzokera, nokuti pedyo nenguva yacho...ndinofanirwa kuzviongorora, kutanga, nohurongwa hwandinahwo, nehummwe hwehurongwa hwangu—hwangu—hwangu muCalifornia. Saka zvino, ipapo mushure meizvozvo, ndinofanirwa kudzika ku—kuAfrica. Ngatirambe tichitaurirana uye mutinamatirewo.

19 Zvino, manheru ano, ndinoda kuti mumbotarisa kune chidimbu cheShoko raMwari, chinowanikwa muchitsauko 4

chaMutsvene Ruka. Chitsauko 4 uye ndima 16, inotanga, Jesu achitaura.

...*Nhasi* uno Shoko iri razadzikiswa *munzeve dzenyu*.

<sup>20</sup> Zvino tinoda kutora, kubva Ipapo, toona kuti Shoko raMwari rinofambiswa nesimba zvakadii! Zvino, tose tinogona kuona hurongwa, asi zvinotora Simba rinofambisa kuti Rishande.

<sup>21</sup> Tinogona kungofungidzira pamusoro pehurongwa hwemuchina, motokari, asi zvinotora simba rinofambisa rinoita kuti mavhiri atange kushanda uye achifamba.

<sup>22</sup> Zvino, Jesu aive adzokera ku—kuNazareta, uko kwaAive akurira. Tichidzika neMagwaro pano, tinoona kuti vakati, “Takanzwa kuti wakaita *zvakati-nezvakati* uko kuKapenaume. Zvino ngatichikuonaka Uchizviita muno munyika yaKo iWe.”

<sup>23</sup> Jesu akati, “Mu—muporofita haashaiwe ruremekedzo kunze kwemunyika yake.” Uye, ndizvozvo, ndimo mawakakurira uri, umo vanhu vanokuziva. Saka imomo aive nezita ra—ra—rakashata, pokutanga kwazvo, nokuda kwekuti Aive aberekwa asina baba vepanyika. VaiMudana kuti “mwana wehupombwe,” kuti Maria aive nemimba asati arorwa, pamutemo, naJosefa. Asi, zvakange zvisizvo, tinoziva kuti hazvisizvo.

<sup>24</sup> Zvino paGwaro irori, chakandikonzeresa kuti ndiise maziso angu pane izvi, ndechimwe chinhu chakaitika munguva shoma yapfuura muPhoenix, Arizona. Raive riri zuva rokupedzisira, reshumiro yandaifanirwa kutaura paInternational Convention yeFull Gospel Business Men.

<sup>25</sup> Zvino mumusangano uyu paive nemuenzi aiva nesu, aive ari mubhishopi weKatorike, a—anove we “Chaldean Rites yechechi yeApostolic Catholic; Muremekedzwa Mufundisi John S. Stanley, O.S.D.” Ndiye “muachibhishopi wepamusoro muUnited States,” muchechi yeKatorike. *Iri* zvangoitika kuti ndiro kadhi rake uye ne—nekero yake.

<sup>26</sup> Zvino aive muenzi weveChristian Business Men, uye ndaive ndambomuona ikoko, nezuro wacho. Saka pandaive ndichitaura neMugovera manheru, ndinotenda kuti ndiwo, kana kuti mangwanani eMugovera pakudya kwemangwanani, zvino ini... Pandaive ndichitaura, airamba akanditarisa. Ini ndokufunga, “Murume uyu chaizvoizvo haasi kuwirirana nezvinhu zvose zvandi kutaura.” Zvino, munoziva, maigona—maigona kungomuona; airamba achisimudza musoro wake nokuudzikisa, asi handina kuziva chaizvo kuti chaive chii chaishanda paari.

<sup>27</sup> Saka masikati eSvondo, pandakasimuka kuti nditaure, ndaizotora chidzidzo changu pamusoro pe*Marwadzo Okuzvara*, apo Jesu akataura, kuti, “Semudzimai ari mumarwadzo

okupona mwana,” ari mumarwadzo ekuzvara. Saka ini ndaizotaura kubva ipapo, sekuti, *Marwadzo Okuzvara*, uri musoro wenyaya, ndichiti nyika iri mumarwadzo ekuzvara iko zvino. Yekare inofanirwa kutobviswa, kuti itsva igone kuberekwa; sezvakangoita mbe—mbeu inofanirwa kuora, kuti ibuditse hupenyu hutsva.

<sup>28</sup> Uye kuti marwadzo, marwadzo okubereka akarova nyika! MuHondo yeKutanga yePasi rose, yakave nemarwadzo akanyanya kwazvo, nokuti vaive nemagasi ane chepfu, nezvakadaro, zvaitopotsa zvakwanisa kuparadza pasi rose. Uye muHondo Yepiri yePasi rose, yakarohwa zvakare nemamwe, marwadzo akatonyanyisa kusimba; vaive vane nganunu huru, uye zvakare nebhomba reatomiki. Haichakwanisa kumira pane mamwe marwadzo ekuzvara. Nezvombo zvezvitundumuseremusere izvi nezvinhu nhasi uno, imwezve hondo zvakare ichaikandira mumatenga, nokuti ipapo zvino inobva yaponeswa. Zvino kunozove nenyika itsva. Bhaibheri rinoti ichaveko.

<sup>29</sup> Pasi peMharidzo yemuporofita wose, Israeri yakave nemarwadzo okupona, nokuti ava vaporofita vaiuya panyika mushure mekunge varume vedzidzo dzezvinamato nevafundisi vainge vaisa chechi yose muchimiro chemasangano. Saka ipapo paizouya vaporofita ava panyika vaine ZVANZI NAJEHOVHA, vaizunguza machechi aya, yobva yava nemarwadzo okupona. Pekupedzisira, yakave nemarwadzo okupona ndokudzika kusvikira yabereka Mwanakomana weEvhangeri, waive iro Shoko pachaRo raitwa nyama.

<sup>30</sup> Saka chechi zvezvirokwazvo iri mumarwadzo okupona manheru ano, zvakare, kuti ibereke Mwanakomana, Mwanakomana waMwari kuti auye zvakare. Vadzidzi vezvinamato vose, hurongwa hwedu hwose, masangano edu ose, anyatsowora zvachose ari pasi pedu. Saka isu tiri mumarwadzo okubereka, uye Mharidzo inobva kuna Mwari inogara ichikandira chechi mumarwadzo akawedzera kusimba, asi mushure mechinguva ichazopona Mwenga. Zvichaunza Jesu Kristu kune Mwenga waKe.

<sup>31</sup> Zvino, ipapo, ndichifunga kuti murume uyu ainge apesana neni zvakanyanya. Zvino pandakasimuka kuti nditaure Mharidzo iyi, ndakavhura Bhaibheri rangu, kuti ndiwane peji yacho.

<sup>32</sup> Zvino mudzimai wangu akange achangondipa Bhaibheri idzva, reKisimusi. Bhaibheri rangu dzaru rave nemakore gumi nemashanu, saka iro raive rabvaruka zvekupotsa rave zvidimbu. Mapeji acho, nguva yose paraivhurika, aive achibhururuka kubva mariri. Uye, asi ndainyatsoziva pekuwana Gwaro roga-roga, saka ndinonzvera zvakanyanya muBhaibheri iroro. Zvino ndaive ndangotora idzva, nokuti rimwe racho raive

richiratidzika kuve rasakara kwazvo, kuti ungaenda naro kuchechi.

<sup>33</sup> Saka pandakatanga kuvhura kuna Mutsvene Johani, apo paiwanikwa Gwaro racho, ndakatanga kuverenga chitsauko 16, zvino ndima yandaitsvaga yakange isipo ipapo. Saka ndakafunga, “Zvinoshamisa!” Ndakavhura zvakare; asi zvakadaro raisavepo.

<sup>34</sup> Zvino Hama Jack Moore, vanobva kuShreveport, Louisiana, shamwari yangu yepamoyo, aive agere ipapo. Ndikati, “Hama Jack, izvi hazviwanikwe here muna Mutsvene Johani 16?”

Ivo vakati, “Hongu.”

<sup>35</sup> Zvino muprisita uyu wechiKatorike akasimuka kubva pachigaro chake, kubva pane vafundisi vangaite zana vaive vagere papuratifomu; ndokuuyapo pedyo neni, ane hanzu dzake dzose nemagemenzi nemichinjikwa, nezvimwe zvakadaro, achibva anyatsosvika pedyosa neni. Zvino ndokuti, “Mwanakomana wangu, dzikama. Mwari ari kugadzirira kuita chimwe chinhu.”

Ndakafunga, “Mubhishopi wechiKatorike achindiudza izvozvo?”

Ndokuti, “Verenga kubva muBhuku rangu.”

<sup>36</sup> Zvino ndakaverenga Gwaro kubva muBhuku rake, ndichibva ndatora chidzidzo changu ndikaenderera mberi, ndikaparidza mharidzo yangu.

<sup>37</sup> Shure kwazvo, pandakange ndapedza, akasimuka shure kwekunge ndabva, achibva ati, “Pane chinhu chimwe chete chinofanira kuitika. Shure kwazvo, chechi inofanirwa kubuda mutsvina yairi mairi, kana kuti tinofanirwa kubuda mutsvina iyo chechi iri mairi.” Zvino, chimwe cheizvozvi zvacho.

<sup>38</sup> Zvino ndaive munzira yangu kuenda kumba, kudzokera zasi kuTucson, manheru iwayo. Vana vaichemera sangweji, zvino ndakabva ndamira kuti ndiwane sangweji pane kamwe kanzvimbo kaduku. Zvino mudzimai wangu akati, “Bill, handisati ndambohuta-huta zvakadaro muhupenyu hwangu, ndichikuona uchitambura kuvhura Bhaibheri.” Ndokuti, “Hazvina here kukuita kuti usagadzikane?”

<sup>39</sup> Ndakati, “Bodo.” Ndikati, “Ndaiziva kuti pane pazviri pane imwe nzvimbo. Vakange vasingorina peji yacho imomo. Kukanganisa pakudhindha.”

<sup>40</sup> Zvino iye akati, “Kuzvifunga, kuti ndakakutengera Bhaibheri iroro! Zvairatidzika sokuti ziso rose imomo rainge riri pandiri.”

<sup>41</sup> Ini ndikati, “Zvakanaka, hapana zvawaikwanisa kuita. Paive pakakanganiswa kudhindhwa muBhaibheri.” Ndikati, “Havana kumbobvira vaisa peji yacho imomo.”

<sup>42</sup> Zvakanaka, ndakagara pasi ndokuritarisa zvakare, raive rakanyatsokwana zvmazvirokwazvo; asi chitsauko 16 chaigumira, chikamu, chikamu chacho chinongove mainji matatu kubva kuzasi, uko kune kuchitsauko 17 pane rimwe divi racho, chichiita zvimwe chetezvo. Zvino, nokuti raive Bhaibheri idzva, mapeji aya maviri aive akanyatsonamatirana pamwe chete, zvino ndaiverenga kubva muchitsauko 17 pane 16. “Saka,” ndakati, “zvose zvakanaka. Zvine chikonzero.”

<sup>43</sup> Zvino zvingori zvakajeka sekukwanisa kwamungaita kunzwa izwi rangu, rimwe Izwi rakauya kwandiri, richibva rati, “Akapinda muNazareta, maAkange arererwa; achibva apinda musinagoge, setsika yaKe. Zvino muprisita akaMupa Magwaro kuti averenge, iYe ndokuverenga Isaya 61. Zvino apedza kuverenga Magwaro, Akagara pasi; achibva adzosea Bhaibheri kumuprisita, iro Bhuku, ndokugara pasi. Zvino maziso ose eungano akange ari paAri. Zvino maShoko akakosha akabuda mumuromo waKe. Zvino iYe ndokuti, ‘Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.’”

“Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.”

<sup>44</sup> Igwaro rakananga zvakadii! Kana mukacherechedza muna Isaya 61:1 kusvika 2, ndipo apo paiverengwa naIshe, Isaya 61:1 kusvika 2. Asi pakati pendima 2 yaIsaya 61, Akabva amira. Apo payakati, “Mweya waShe uri pamusoro pangu; kuti ndiparidze gore rerudzikinuro,” Achibva amira. Sei? Chimwe chikamu chacho, chaizounza kutongwa, chaive chisinei nokuuya kwaKe kwekutanga, asi Kuuya kwaKe kwepiri. Munoono, zvaive zvisinei neipapo. Magwaro haafe akakanganisa! Anogara akakwana. Jesu akangomira apo pakangomirawo Gwaro, nokuti ndizvo chaizvo zvaifanira kusimbiswa muzuva raKe, zvino, mukuuya uku kwekutanga. Kuuya kweChipiri Achaunza kutongwa panyika; asi kwete ipapo. Aive “achizoparidza gore rerudzikinuro.”

<sup>45</sup> Cherechedzai Mesiya akamira papuratifomu, achiZvizivisa neShoko revimbiso yemuzera iroro. Zvinoshamisa sei, Mesiya akamira pamberi pechechi! Zvino tarisai kune Mashoko akakosha aya, apo paAnoti pano, “Kuparidza gore rerudzikinuro.”

<sup>46</sup> “Gore rerudzikinuro,” sekuziva kwedu tose, sevaverengi veBhaibheri, raive “gore rejubheri.” Kuti, kana nhapwa dzose nevasungwa, sezvavaive vari, vatorwa, mutorongo; apo vaifanirwa kupa mwanakomana wavo, kuti abhadhare chikwereti; kana mwanasikana, kuti abhadhare chikwereti, [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] uye vaive vari muhusungwa. Hazvina basa kuti vaive muhusungwa kwenguva yakadii, kana kuti vaifanirwa kugara ipapo kwenguva yakadii; kana gore racho rasvika, rejubheri, kana hwamanda yarira, munhu wese aigona kuenda akasununguka kana achida

kuenda akasununguka. [Chibenga chisina chinhu patepi.] Wasunungurwa. Hauchisiri nhapwa.

<sup>47</sup> Asi kana ukada kuramba uri nhapwa, ipapo waizoendwa newe zasi kutemberi, womira pane mbiru yemutemberi, zvino vaitora muwuro voboora buri panzeve yako, zvino ipapo waizoshandira tenzi wenhapwa iyeye mazuva ako ese asara.

<sup>48</sup> Mufananidzo wakakwana zvakadii weEvhangeri yaJesu Kristu! Kana Ichiparidzwa, nguva yerudzikinuro, nenguva yeJubheri; chero munhu wese, hazvina basa kuti ndiwe ani, kuti une ruvara rwakadii, uri wesangano ripi, kuti wadzika zvakadii muchivi, kana kuti chii chakatsveyama pauri; unogona kuenda wakasununguka kana wanzwa hwamanda yeEvhangeri ichirira. Wasununguka!

<sup>49</sup> Asi ukafuratira Mharidzo uye woramba kuInzwa, cherechedza, iwe waiboowa munzeve, nemuwururo. Zvinozveva izvo, kutaura kuti, watoyambuka muganhu uri pakati penyasha nokutongwa, uye hauchazombofa wakanzwa Evhangeri zvakare. Hakuna kure kwauchasvika. Unofanirwa kuve nhapwa kune hurongwa hwauri mauri, mazuva ako ose, kana ukaramba kunzwa gore rerudzikinuro.

<sup>50</sup> Zvino, chimwe chikamu chacho, sezvandataura, chakange chisingade kupindurwa, nokuti Mesiya uyu ari kuuya, panguva ino, ndipo paAchaunza kutongwa.

<sup>51</sup> Zvino, ko vanhu ava vakatadza sei kuona kuti Aive Ani? Ko vakazvipotsa sei? Ko zvakaitika sei, apo zvakanyatsoratidzwa pachena zvikaziviswa? Ko vakatadza sei kuona? Apo iYe . . .

<sup>52</sup> IShoko rakadii! Chimbozvifungai izvi, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa mumaziso enyu.” Ndiani akazvitaure? Mwari pachaKe, Ndiye anove mududziri weShoko raKe Omene. “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.” Mesiya, paChake, akamira muhupo hweungano achiverenga Shoko kubva muBhaibheri, richireva iYe, zvino achiti, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa,” uye zvakadaro vakatadza kuRiona.

<sup>53</sup> Injodzi yakadii izvozvo yazvaigona kuzova, asi zvakaitika. Zvakaitika nguva dzakawanda. Zvakaitika sei? Ndizvozvo, sezvazvakamboita pane dzimwe nguva, kubudikidza nokutenda dudziro yevanhu paShoko. Ndizvo zvakazvikonzera. Vatendi vaye mumazuva iwayo, vaizviti vatendi, vaitora dudziro yezvaive zvataurwa nemuprisita pamusoro peGwaro. Naizvozvo Jesu, haana kunge ari weboka ravo kana masosaiti avo, Akadzingwa kubva mukufambidzana navo.

<sup>54</sup> Zvino, saizvozvo, havaigona kuzvibatanidza naYe, nokuti Akanga akasiyana navo. Munhu waJesu Kristu aive akatosiyana zvokuti hapana munhu aigona kupotsa kuona kuti uyo



aive Mwanakomana waMwari, nokuti iYe aive kuratidzwa kwakakwana kweGwaro rakanyorwa pamusoro paKe.

<sup>55</sup> Ndiyo nzira inozivikanwa nayo Mukristu, zvino kana hupenyu hwake huchifananidzira chinhu chaicho chinofanira kuitwa neMukristu.

<sup>56</sup> Uye kuti Aikwanisa sei kumira woti, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa pamberi pemeso enyu chaipo!” Zvinoshamisa sei, zviripachena sei, asi zvakadaro vanhu ivavo vakatadza kunzwisisa. Sei? Nokuda kwekuti vakatora dudziro yechimwe chirongwa chevapisita vavaiteerera kwavari.

<sup>57</sup> Zvino nhorondo inogara ichizvidzokorora pachezvayo. Uye Gwaro Rinoreva zvakawanda, pamwe nechizaruro chakapetwa.

<sup>58</sup> Semuenzaniso, sezvarinotaura muBhaibheri, kuti, “Kubva muEgipita ndakadana mwanakomana wangu,” zvichirevera Jesu. Tevedza kumapeto panotaurwa nezvazvo, zvino uchazoona kuti, zvairevawo Jakobho, Gwaro rimwe chetero. Jesu aive Mwanakomana waKe mukuru. Jakobho aiva mwanakomana waKe waAkadana kubva muEgipita, zvinonzi nezvionda magwaro zvenuScofield nezvimwe zvose zvirionda magwaro pamusoro pazvo, nokuti ndiro Gwaro racho raitaura nezvazvo. Saka raive nemhinduro mbi—mbiri; raive nemhinduro kuna Jakobho achidanirwa kunze, uye nekuna Jesu achidanirwa kunze.

<sup>59</sup> Saka ndizvo zvazviriwo nhasi! Nemhaka yekuti isu tiri mumhirizhonga sezvatiri, saka vanhu vanotadza kuona Chokwadi chaMwari, nokuti kune dudziro dzevanhu dzakawandisa paShoko raMwari. Mwari haadi munhu anodudzira Shoko raKe. Iye Anozvidudzirira pachaKe.

<sup>60</sup> Mwari vakati, pakutanga, “Ngakuve nechiedza,” zvino kukave nechiedza. Izvi hazvimbodi dudziro.

<sup>61</sup> Iye akati, “Mhandara ichava nemimba,” iyo ikadaro. Izvozvo hazvidi kana dudziro.

<sup>62</sup> Apo... Dudziro yaMwari paShoko raVo ndeapo paVanorisimbisa pamwe nokuRiratidza kuti ndiroro racho. Ndiyo dudziro yaKe, yokuriita kuti riitike. Ndipo pane dudziro yaMwari, apo paAnoita kuti Shoko raKe riitike. Ari kutoRidudzira kwauri.

<sup>63</sup> Sekuti dai pasina kumbobvira pakave nechiedza, zvino iYe obva ati, “Ngakuve nechiedza,” chobva chavapo, izvozvo hazvimbodi munhu anodudzira.

<sup>64</sup> Asi tinowana hurongwa hwakaitwa nevanhu wakasanganiswa naRo, zvino, ukadaro, iwe—iwe unobva waRibvisa mugwara. Zvakangogara zvakadaro.

<sup>65</sup> Asi ini ndichiri kufunga kuti zvaishamisa kwazvo. Chimbozvifungai, Mesiya! Sei vakatadza kuMuona? Nokuti, vatungamiriri vavo vacho vaifanirwa kunge vakaMuziva,

vaifanirwa kunge vaine zivo yeGwaro, vaifanirwa kunge vaine kunzwisisa kweMagwaro, vakazvidza Murume uyu ndokuti, “Iye mwana wehupombwe, ku—kubvira pokutanga. Hatingambotendi Izvozvo.”

<sup>66</sup> Makore akatevera, isu hatitende izvozvo. Tingatofira chinangwa chokutaura kuti Aive Mwanakomana akaberekwa nemhandara.

<sup>67</sup> Zvino zvichazoitika rimwe zuva kuti, zvinhu izvozvo zvatinooona Jehovha achiita nhasi, varume mumazera ari kutevera, kana aripo, vachafira chinhu chatiri kutaura nezvacho muzuva rino. Uchatozviita kana munembo wechikara wasvika, zvino mucharambidzwa kuparidza Vhangeri nenzira ino. Kana mubatanidzwa mukuru wemachechi wauya pamwe chete, zviri muhurongwa zvino hwechechi yenyika, uchatofanirwa kusimbisa huchapupu hwako nehupenyu hwako, kune iZvi.

<sup>68</sup> Unofanira kuZvitenda iko zvino. Kana vaprisita vava vaigona kumuka, vakaMupomera mhosva, havamboMupomeri. “Asi,” unoti, “dai ndaingende ndiripo kareko, ndingadai ndakaita *zvakati-nezvokuti*.” Zvakanaka, rakanga risiri zera rako. Asi, rino ndiro zera rako, ino ndiyo nguva yacho.

Imi munoti, “Zvakanaka, dai Aive pano!”

<sup>69</sup> Bhaibheri rinoti, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” mumwe chete, saka Ari pano. Asi, Ari pano. Sekubudirira pahungwaru kwaita nyika, ichikura, nokudzidza kwakawanda; Ari pano ari muchimiro cheMweya, chokuti havagone kuuraya kana kuponda. Akafa kamwe chete; haAgone kufa zvakare. Aifanirwa kuitwa nyama kuitira kuti Mwari auraiwe ari munyama, kuitira chivi. Asi nguva ino haAkwanise zvachose kuti afe; ndiYe Mweya Mutsvene.

<sup>70</sup> Zvino, kuti tifunge kuti vaive nezvinhu zvavaiMupomera! Chimwe chinhu, kuti haAna kubatana nezvinzvimbo zvavo. Zvino, munooona, zvakadaro zvakangoMuita munhu akaipa. Haana kujoinha masangano avo—avo, haana kujoinha huprisita hwavo, uye Akanga asinei nechokuita nezvazvo. Saka zvino, pamusoro peizvi zvose, Akaedza kuputsira pasi zvavaive vavaka.

<sup>71</sup> Akaenda mutemberi. TinoMudana Murume munyoro; Aive ari, asi kazhinji tinotadza kunzwisisa kuti hunyoro chii.

<sup>72</sup> Aive ari Murume aive netsitsi, asi kazhinji tinotadza kunzwisisa kuti tsitsi chii. Kwete tsitsi dzevanhu, hadzisi tsitsi. Asi, *tsitsi* “kuita kuda kwaMwari.”

<sup>73</sup> Akapfuura nepadziva re—reBhetesdha, pagedhi. Paive nevanhu, gurumwandira ravo. Gurumwandira harizivikanwe kuti vangani. Asi pakanga paine gurumwandira; zviroma, mapofu, vakaoma mitezo, vakaunyana. Zvino Aive netsitsi nevanhu, nguva dzose. Zvino Akaenda kune munhu mumwe

akanga asiri chirema, bofu, akaoma mitezo, kana akuunyana; dzimwe nguva aive nedambudziko reprostata, pamwe aive nekamwe kahurwere kaive kasina simba. Aive anako kwemakore makumi matatu nemasere. Hwainge husiri kuzombomunetsa, hahwaimuraya. Aive arere panhowo. Zvino iYe ndokuti, “Ungade kupodzwa here?”

<sup>74</sup> Zvino murume wacho akati, “Handina munhu anogona kundiisa mumvura, asi pandinenge ndichiuya, zvinoka, mumwe munhu anobva anditangira kudzikamo.” Maona, aigona kufamba, aigona kuona, aikwanisa kufamba-famba, asi aive akangorukutika.

<sup>75</sup> Zvino Jesu akati kwaari, “Simuka. Tora nhowo yako uende kumba kwako.” Zvino Jesu akabvunzurudzwa nekuda kwazvo, nokuti munorangarira Rugwaro rwakazvitauro.

<sup>76</sup> Ndosaka! Dai Aiuya muJeffersonville manheru ano oita chiitiko chakadaro, vaizongotaura pamusoro paKe.

<sup>77</sup> Asi, rangerirai, Akauya kuzoita chinhu chimwe chete, chaive kuda kwaMwari. Zvino, izvi zvinowanikwa muna Mutsvene Johane 5:19, muchawana mhinduro. Iye akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, Mwanakomana haagone kuita chimwe chinhu Pachake; asi izvo zvaAnoona Baba vachiita, ndzivowo zvinoitwa neMwanakomana.”

<sup>78</sup> Zvino, vaifanira kuziva kuti uku ndiko kwaiva kusimbiswa chaiko kwechiporofita chaMosesi, “Nokuti Jehova Mwari wenyu achasimudza muPorofita akafanana neni.”

<sup>79</sup> Mambocherechedza here, apo paAkaona murume wacho, Akati. . . Jesu akaziva kuti aive muchinhanho ichi kwemakore akawanda. Munooona, sezvo ari muPorofita, Akaona murume uyu ari muchinhanho ichi; uye ndokudzika zasi ikoko ndokupoterera—nokupoterera munzira yaKe nepakati pevanhu ivavo, achizvonyongoka nepakati pemhomho, kusvikira Awana murume wacho.

<sup>80</sup> Akapfuura nepane vakaremara, vakaoma mitezo, mapofu, nevakaunyana, asi aive Munhu azere netsitsi. Asi, *tsitsi* “kuita kuda kwaMwari.”

<sup>81</sup> Zvino, tinoMuona, apo Asingabatane pamwe chete navo, Akange asinei nechekuita nezvinzvimbo zvavo, nokudaro Akave murambiwa. Haaizovi nechinhu. . .

<sup>82</sup> Kunze kwaizvozvo, Akapinda mutemberi rimwe zuva. Murume akapinda imomo akawana imba yaMwari potse yatosvibiswa sezvazviri nhasi uno. Vaitenga, vachitengesa, nekuchinja mari. Akakudubura matafura emari; ndokutora tambo akadziruka, ndokurova vaichinja mari achivaburitsa mutemberi. Uye ndokuvatarisa azere nehasha, ndokuti, “Kwakanyorwa kuti,” hareruya, “Imba yaBaba vangu imba

yokunamatira; zvino imi maiita bako ramakororo. Uye imi, netsika dzenyu, makaita kuti mirairo yaMwari ishaye basa.”

<sup>83</sup> O, boka rakadaro ringambotenda maAri here? Kwete, changamire. Vaive vanyatsopinda senguruve mumatakanana emasosaiti netsvina zvezuva iroro, kusvikira vaive vagwamba pane zvokunamata zvokuti vaive vasingachanzwe kubvundirira kweSimba raMwari Samasimba. Ndosaka mudzimai muduku akakwanisa kubata hanzu yaKe akakwanisa kupodzwa naRo; musoja akadhakwa akakwanisa kusvipira kumeso kwaKe akashaya kunzwa simba! Zvinoenderana nokuti unoenda sei paRiri. Zvinoenderanao nokuti uri kutsvagei. Paunoenda kuchechi, zvinoenderana nokuti uri kutsvagei.

<sup>84</sup> Zvino tinoMuona akamira ipapo. Pasina kupokana izvo vanhu vakanga vatomuyambira, kuyambira...muprisita akanga ayambira vanhu, “Zvino Ari kuuya kuno Sabata rinotevera, zvino, kana Auya, musamboMuteerera. Zvino, munogona kuenda mogara pano, asi musamboterera pane zvaAnotaura, nokuti haAzi weboka redu. Murambiwa. Haana kadhi rekuwadzana. Haana kana sanga-...bepa resangano paari. Haana chinhu chakadaro.”

“Anombori Ani?”

<sup>85</sup> “Mumwewo mukomana mupanduki akazvarwa zasi uko, akaberekwa muhupombwe, muimba yemuvezi, umo amai vake vakabata mimba yaKe vasati varoorwa, zvino vari kuedza kuvanza chinhu ichi nechimwe chinhu chemweya.

<sup>86</sup> “Tinozviziva izvozvo, kana Mesiya auya, Achauya achidzika nemigwagwa yeKudenga obva aenda kumuprisita wedu mukuru zvino oti, ‘Hezvinoini ndiri pano, Kaifasi.’” Asi tinoona kuti haAna kuzviita nenzira iyoyo, nokuti zvaive zvisina kunyorwa muShoko nenzira iyoyo. Vaive tsika yakagadzirwa nevanhu yakaita kuti vazvitende izvozvo.

<sup>87</sup> Shoko raive rataura kuti Aizouya chaizvo nenzira yaAkauya nayo. Zvino heunoi Akamira, achiverenga Shoko, achiti kwavari, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa mumaziso enyu.” Uye zvakadaro vakatadza kuMuona kana kuMucherechedza, sezvavakaita mune mamwe mazera ose.

<sup>88</sup> Noa aigona kunge akataura zvimwe chetezvo, zuva raakapinda muareka uye suwo rikavharwa. Mosesi aigona kunge akasimudza hwindo riya raive pamusoro peareka, ndokutarisa kunze paungano...Rangarirai, Mwari vakavhara musuwo. Zvino aigona kunge akati, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa mumaziso enyu,” asi kwavari vakange vatnonoka ipapo. Aive aparidza kwemakore zana nemakumi maviri, achiedza kuvaita kuti vapinde mugwa rainge avaka, achivaudza kuti Rugwaro rwakati, “ZVANZI NAJEHOVHA, kuchanaya,” asi vakamirira kwenguva yakarebesesa. Asi Noa

aigona zviri nyore kutaura kuti, “Nhasi, zuva rino, Rugwaro rwacho rwazadzikiswa.”

<sup>89</sup> Mosesi, zuva rimwe chete rakadzika Shongwe yeMoto paGomo reSinai ndokupupura kune huchapupu hwake, Mosesi aigona kunge akati, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.”

<sup>90</sup> Mosesi, munoziva, aive murume akadanwa naMwari, muporofita. Uye apo ainge ari kudanwa, ari muporofita, aifanirwa kuve nechitiko chemweya. Kuti ave muporofita, aifanira kusangana naMwari chiso nechiso otaura naYe. Zvino chimwe chinhu, zvaaitaura zvaifanira kuitika, kana kuti hapana aizombomotenda.

<sup>91</sup> Saka hapana munhu ane kodzero kuzvidaidza kudaro kusvikira ataura naMwari chiso nechiso, kuseri kwerenje pane imwe nzvimbo, uko kwaakasangana naMwari, pachake. Uye navose vasingatendi kuti kuna Mwari vari pasi rose havaikwanisa nekungotsanangura kuti zvizoshaya maturo kwaari; aivepo, aiziva kuti zvakaitika. Mukristu wose anofanirwa kuve nechitiko ichocho asati ataura nezvekuti ave Mukristu. Chitiko chako!

<sup>92</sup> Ndataura nemuzukuru wangu, chinguva chapfuura, mukomana mudiki wechiKatorike, akati, “Sekuru Bill, ndamhanya kubva uko nekoko, ndichienda kwese-kwese, ndichiedza kutsvaga chimwe chinhu.” Husiku hwega-hwega, musangano uno usati watanga, akanga achichema. Zvino panguva dzemanheru, anga achirota hope achipinda, achimhanyira kuaritari, kwaiparidzwa, achireurura kuti ainge achikanganisa.

<sup>93</sup> Ndikati, “Melvin, hazvina basa kuti unoedza kuenda kupi, angave machechi mangani aunojoinha, vangani vana ‘Kaziwa Maria,’ vaunotaura, kana kuti maropafadzo mangani aunowana kubva kumunhu, unofanirwa kuberekwa patsva neMweya waMwari. Ndicho chinhu choga chinogutsa moyo wemunhu.”

<sup>94</sup> Ndizvozo, ndinoziva kuti vane chinotsiva, nhasi, chezvokuberekwa patsva, kungokwazisana maoko nemuparidzi woisa zita rako mubhuku. Asi, shamwari, ichocho chitendwa. Hachisi Chokwadi cheBhaibheri. Dai zvakadaro, Mabasa eva Apostora, muchitsauko 2, yaifanira kuverengwa seizvi, “Apo Zuva rePentekosti rakati rasvika, mufundisi akabuda kunze akakwazisana maoko nevanhu.”

<sup>95</sup> Asi yakati, “Apo Zuva rePentekosti rakati rasvika,” pakavambwa Chechi, “kwakauya ruzha kubva Kudenga semhepo huru inovhuvhuta, ikazadza imba yose mavaive vagere.” Ndiko kuuya kwakaita Mweya Mutsvene pokutanga. Ndiko kuuya kwaUnoita nguva dzose kubvira panguva iyoyo. Iye ndiMwari, uye haashanduke. Zvino, Zvinogumbura vanhu.

Vanoti, “Waive uri werimwe zuva.”

<sup>96</sup> Saka, ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Nguva dzose Chechi yakambogamuchira Mweya Mutsvene, Unogara nguva dzose uchiuya sezvaAkaita panguva yokutanga, pasi perairo imwe chete, Mabasa 2:38; haina kumbobvira yashanduka, haizofe yakashanduka.

<sup>97</sup> Segwaro rachiremba remishonga kuitira hurwere. Anonyora gwaro kuitira chirwere, chiremba anodaro. Zvino wotora woenda kune munhu anoshanda nemishonga wekunyepera, zvino owanzisa mushonga wacho mauri, unenge uchisina simba zvokuti unotadza kukuitira zvakanaka; kana akawanza chepfu mauri, unokuuraya. Unofanira kunyorwa zvichienderana nachiremba.

<sup>98</sup> Zvino gwaro rachiremba rokuti unogamuchira sei Mweya Mutsvene rinopihwa kwatiri naChiremba Simoni Petro, paZuva rePentekosti. “Ini ndichakupai gwaro. Tendeukai, mumwe noumwe wenyu, mobhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, zvino muchazogamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti gwaro iri ndere avo vari kure, uye kunyangwe nevole avo vachadanwa naShe Mwari wedu.” Gwaro remuna Ziendanakuenda!

<sup>99</sup> Mosesi akave nechitiko ichi. Akadzika achipinda munyika ndokutanga kuudza vanhu, “Ndakasangana neShongwe yeMoto. Yakanga iri mugwenzi raipfuta. Zvino Akandiudza kuti ndikuudzei, ‘NDIRI WANDIRI. Enda zasi; Ndichava newe. Tora chimuti muruoko rwako uye uchitambanudzire pamusoro peEgipita; chero chauchakumbira, chichaitwa.’”

Zvakanaka, pamwe mumwe muprisita akati, “Hazvina maturo!”

<sup>100</sup> Asi pavakaona mazvirokwazvo ezvazvaive zviri, kutora, zvichiitika, havana kukwanisa kuramba vakazvibata. Vakaziva kuti aive atumwa naMwari.

<sup>101</sup> Zvino, kana Mosesi akati akazviona izvozvo, akazvipupura kuti zvaive Chokwadi, zvino Mwari akasungirwa, kana chiri Chokwadi, kuratidza pamwe nokusimbisa shoko remurume iyeye, kuve Chokwadi. Ichokwadi.

<sup>102</sup> Kana Jesu Kristu akamira ipapo akaverenga, zuva iroro, “Nhasi uno Shoko iri razadzikiswa pamberi penyu,” Mwari vanotosungirwa kuita kuti Shoko iroro riitike.

<sup>103</sup> Tinomira pano manheru ano tichitaura, kuti, “Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Mwari vanosungirwa kuti varatidze kuti izvo ndizvozvo, nokuti IShoko raVo. Zvino, zvinozoitei? Zvinototora kutenda, mukutenda maRiri. Zvinotora kutenda, mukutenda Shoko raKe, kuti Iro iChokwadi.

<sup>104</sup> Cherechedzai zvakaizotika apo Mosesi akabuditsa vana, navose vakamutevera. Avo vasina kutevera vakasara muEgipita.

Asi vose vakatevera Mosesi, apo pavakabuda kubva muGungwa Dzvuku vakanopinda murenje, Mwari vakadzika paGomo reSinai. Iya Shongwe yeMoto yakatungidza moto pagomo rose, uye Izwi rakataura richibva ipapo, zvino Mwari vakapa mirairo gumi.

<sup>105</sup> Mosesi aigona kunge akafamba ipapo pamberi pevanhu, oti, “Nhasi uno Rugwaro rwandakakuudzai, semuporofita waKe, rwazadzikiswa zuva rino. Ndakakuudzai kuti Mwari vakasangana neni, kumusoro uko mugwenzi raipfuta, muShongwe yeMoto, zvino iYe akataura izvi, ‘Ndicha... Ichi chichava chiratidzo. Uchaunza vanhu modzoka zvakare panzvimbo ino zvakare.’ Zvino heuno Mwari, ari muShongwe yeMoto imwe cheteyo yandakakutaurirai kuti Aive mairi, yakambera uko pagomo. Nhasi uno chiporofita ichi chazadzikiswa. Heunoi Ari pano kuti asimbise kuti zvinhu zvandakataura iChokwadi.”

<sup>106</sup> Mwari ngavatipe vamwe varume vakaita saivavo, vakatendeka uye vakaperera, vachitaura Chokwadi, kuti Mwari Samasimba vanokwanisa kusimbisa kuti Shoko raVo richiri reChokwadi! Vanoramba vari mumwe chete zuro, nekusingaperi. Ko Aitadza nei kuzviita? Akavimbisa kuti achazviita.

<sup>107</sup> Joshua aigona kunge akataura zvimwe chetezvo, zuva raakadzoka kuKadheshi-bhania, apo pavaive vasvika murwendo murenje. Vaive vachipokana nyika yacho kuve iri mhando yenyika iyo Mwari akanga ati yaizove. Asi Mwari akavaudza kuti yaive nyika yakanaka, yayierera nemukaka nehuchi. Zvino Joshua naKarebhi ndivo chete vaviri vaizozvitenda, kubva pane vamwe gumi vakaenda. Apo pavakadzoka, vaive nehumbowo; vaive vane chitsumbu chemazambiringa chaitongogona bedzi kutakurwa nevarume vaviri vakasimba.

<sup>108</sup> Joshua naKarebhi vaigona kumira ipapo zvino voti, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa. Heuno humbowo hwekuti inyika yakanaka.” Chokwadi. Sei? “Heuno humbowo hwekuti inyika yakanaka. Ndekupi kwamungambowana zvinhu zvakaita sezvizvi, muEgipita? Kwaive kusina nzvimbo dzakadaro. Asi nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.”

<sup>109</sup> Aigona kunge akataura chinhu, chimwe chete, apo paakaporofita akati masvingo eJeriko achawira pasi mushure mekunge vafamba vachitenderera kanomwe, mazuva manomwe, kanomwe pazuva. Apo pavakatenderera nguva yokupedzisira, masvingo akawira pasi. Joshua aigona kunge akamira oti, “Nhasi uno, Mukuru weHondo yaJehovha akandiudza masvondo apfuura kuti izvi zvaizoitika sezvizvi, nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.” Hayo masvingo arere, akati pwasharara pasi.

“Huyai, handei tinoitora. Ndeyedu. Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.”

<sup>110</sup> Zvinofadza sei, vanhu vaMwari vakamira pazvinhu zvechokwadi!

<sup>111</sup> Israeri, parwizi, apo pavakatora nyika, ndokuyambukirako. Ko vaizozviita sei? Mwedzi waKubvumbi. Mafashamu ari kuuya achidzika nokuda kwekuti chando chiri kunyongodeka, kumusoro kuJudheya. Oo, zvakaita zvakadini sokunge Mwari aive mukuru wehondo anonzwise urombo, kuunza vanhu vaKe ipapo, mumwedzi waKubvumbi, apo Jorodhani yakange yakazarisa kupfuura zvayakambova. Dzimwe nguva . . .

<sup>112</sup> Ndaigona kutomira ipo pano, dai ndaive nenguva, kuti ndingokubaira kazaŋhi. Dzimwe nguva unogona kunge wakagara uko uine kenza, kana kuti unogona kunge wakagara uine chimwe chirwere; wofunga, “Sei, inini, ndiri Mukristu, kuti ndinge ndiri muchinhanho chakadai? Sei ndichinge ndakagara seizvi, kana ndiri Mukristu?” Dzimwe nguva Mwari anorega zvinhu zvinzviyatsosvika pakusviba kwavo zvokuti haukwandise kuona kumusoro, kwakakupoteredza, kana kumwewo zvako, zvino iYe anobva auya okugadzirira nzira naimomo, kuti ukwandise kuti, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwuri kuzadzikiswa, rwaAkavimbisa kuzoita.”

<sup>113</sup> Akasiya vana vechiHebheru vachifamba vachipinda chaimo mubiravira remoto. Vakati, “Mwari wedu anogona kutidzikinura kubva kumoto uyu uri mubiravira. Asi, zvisinei hazvo, isu hatisi kuzokotamira chimupunzo chako.” Zvino pavakafamba vachibuda kunze uko, munhuwi webiravira uri pavari . . . hapana munhuwi webiravira, waro, pavari; vaigona kunge vakati, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.”

<sup>114</sup> Paya Dhanieri paakabuda kubva mugomba reshumba, aigona kunge akataura zvimwe chetezvo.

<sup>115</sup> Johane Mubhabhatidzi. Shure kwemakore mazana mana edzidziso dzezvekunamata, ndosaka chechi yaive iri mumatakanana panguva iyoyo! Paakaonekwa murenje, paJorodhani, aigona kunge akamira pamahombekombe, sezvaakaita, ndokuti, “Nhasi uno Rugwaro urwu, Isaya 40, yazadzikiswa.”

<sup>116</sup> Ndaigona kumira pano ndokuudzai zvakataurirwa nemuprisita uya mutana! Akati, “Mwanakomana, hauna kumbopedza Mharidzo iyoyo.”

Ndakati, “Mirai makadaro.”

Akati, “Unoreva kuti maPentekosti havazvione izvozvo?”

Ndikati, “Kwete.”

<sup>117</sup> Akati, “Ndazviona.” Futi ari muprisita wechiKatorike, zvakare! Uh-huh. Akati, “Sei usina kuenderera mberi?”



Ndikati, “Mirai makadaro.”

Akati, “Mbiri kuna Mwari! Ndazviona.”

<sup>118</sup> Zvino panguva inenge imwe cheteyo Mweya Mutsvene wakawira pane hanzvadzi yake, yaive igere mumusangano imomo. Zvino akasimuka, achitaura nendimi, achibva apa dudziro yezvose izvo muprisita neni taitaura pamusoro pazvo, papuratifomu. Chechi yose, nzvimbo yose, yakava neruzha rukuru. Ndokunderera mberi kusvika mukonivhenisheni yaOral Robert’s vhiki yapera, kana vhiki reshure kwacho, zvikava ndizvo zvaingotaurwa pakonivhenisheni. Izvo zvokuti muprisita... Akagara pasi peMweya Mutsvene, akazarura kubudikidza nomudzimai, hanzvadzi yake ndinotenda ndizvo, kuti chii chaitora nzvimbo kumusoro uko papuratifomu, ndokuzarura icho chinhu chacho chatakange tichivanza.

<sup>119</sup> Nguva yatiri kurara mairi, nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa. Nhasi uno Zviyedza zvmadekwana zvauya, uye tinotadza kuChiona. Cherechedzai.

<sup>120</sup> Johane akati, “Nhasi uno ndini ‘izwi reuyo ari kudandizira murenje,’ sekutaura kwakaita muporofita Isaya. Gadzirai nzira yaShe!”

<sup>121</sup> Havana kana kuzvinzwisisa. Vakati, “Oo, uri Jesu... iwe uri—iwe uri Kristu,” waro.

<sup>122</sup> Akati, “Handisi Kristu.” Akati, “Handina kukodzera kusunungura shangu dzaKe. Asi,” ndokuti, “Akamira pakati penyu, pane imwe nzvimbo,” nokuti akange ane chokwadi chekuti Achange aripo. Achange aripo muzuva rake, nokuti Mwari vakamuudza kuti aizozivisa Mesiya.

<sup>123</sup> Rimwe zuva mumwe Murume wechidiki akafamba achidzika necheikoko, ndokuona seChiedza pamusoro paKe, chiratidzo. Zvino ndokubva adandizira, “Tarirai Gwayana raMwari! Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa pamberi penyu.” Chokwadi.

<sup>124</sup> Pazuva rePentekosti, zvokuti Petro akasimuka ndokutaura Rugwaro rwavo, rwaJoere 2:38. Apo, vose vaiseka, vanhu ivavo. Havaikwanisa kutaura nemutauro wavo. Vaive vachingowata zvimwe zvinhu. Bhaibheri rakati, “Ndimi dzakapatsanurwa.” *Kupatsanurwa* zvinoreva rurimi “rwakaparadzaniswa”, pasina zviriri kutaurwa, kungowawata. Vachingomhanya-mhanya sevanhu vakadhakwa!

<sup>125</sup> Vose vakati, “Zvakanaka, vanhu ava vakadhakwa. Vatarisei, tarisai mazvibatiro avo, izvo vakadzi nevarume. Hazvina kana kurongeka,” zvakataurwa neboka rezvinamato rezuva iroso.

<sup>126</sup> Petro akasimuka pakati pavo, ndokuti, “Varume nehama, imi munogara muJerusarema, nemiwo munogara muJudhea, ngazvizivikanwe kwamuri kuti ava havana kudhakwa, sekufunga kwenyu, muchiona kuti ingori awa yechitatu yezuva. Asi izvi ndizvo zvakataurwa nemuporofita Joere,

‘Zvichaitika kuti mumazuva okupedzisira, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose.’ Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.” Zvirokwazvo.

<sup>127</sup> Luther aive ari panguva chaiyo. Wesley aive ari panguva chaiyo. Pentekosti yaive iri panguva chaiyo. Hapana chaive kunze kwehurongwa.

<sup>128</sup> Zvino ndinoda kuti mucherechedzewo zera nenguva zvatiiri kurarama mazviri iko zvino, neShoko rakavimbiswa rezuva ranhasi. Kana shure uko mune mamwe mazera, varume vaikwanisa kuti, “nhasi uno Rugwaro urwu,” “nhasi uno Rugwaro urwu,” zvino totiiwo kudini neGwaro rezuva ranhasi? Chii chakavimbiswa muzuva ranhasi? Takamira papi? Ndeipi awa yatiri kurarama; apo wachi iri kufamba, wachi yezvesainzi, maminiti matatu tisati tasvika pakati pehusiku? Nyika yapinda pakuhuta-huta. Kereke iri panhowo yekuwora. Ikoko hapana munhu anoziva kuti vamire papi. Inguvai ipi yacho yezuva? Ko totii neGwaro rezuva rino? Zvinhanho zvechechi, kana kuti, zvinhanho zvechechi nhasi!

<sup>129</sup> Munyika, zvematomongerwo enyika, hurongwa hwenyika dzepasi rose, zvakangoora zvachose. Handizi munhu wezvematomongerwo enyika. Ndiri Mukristu. Asi, hazvinei neni kutaura pamusoro pezvematomongerwo enyika, asi ndinoda kuti vawora mativi ose ari maviri.

<sup>130</sup> Ndakavhota kamwe chete, ndichiitira Kristu; ndinofanira kuhwinha. Dhiyahhorosi akavhota achipesana neni, Kristu akandivhotera; zvinoenderana nokuti ndakaisa vhoti yangu kupi. Ndinofara kuti ndakaisa kwaAri; regai nyika itaure hayo zvainoda. Ndichiri kuzvitenda kuti iYe ndiye mumwe chete zero, nhasi, nokusingapere. Achazviratidza. Achadaro zvemazvirokwazvo. Chaizvoizvo.

Kuwanda kwedzimhosva, misikanzwa yevechidiki!

<sup>131</sup> Tarisai nyika yedu, yaimbove ruva repasi rose. Gutsaruzhinji redu rakaitwa kareko mu—mu pa . . . pakuziviswa kwekuzvitonga kuzere. Zvino kuziviswa kwekuzvitonga kuzere kwakasainwa, tikave nehutongi hwegutsaruzhinji. Zvino madzitateguru edu makuru, nezvinhu zvavakaita; taive nenyika huru.

<sup>132</sup> Asi iye zvino yawora, uye nokuwondomoka, nekuzunguzika, nekukundika. Iri kuedza kuteresa vanhu, kuti vawane mari yekutumira mhiri uko, kuti vatenge hushamwari nemhandu dzavo; vari kuidzosa vachiikandira kumeso kwedu. Hondo yepasi rose yokutanga, hondo pasi rose yepiri, zvino tiri kutoenda mberi kune yechitatu. Ndizvozvo chaizvo. Zvematomongerwo enyika zvawora, zvashatiswa, zvawora kusvika zasi. Chaizvo izvo zvakataurwa naMateo 24 kuti zvichazove saizvozvo, “Nyika ichamukira imwe nyika, humambo

huchimukira humwe humambo.” Zvinhu zvose izvi zviri kuzotora nzvimbo. Ngaticherechedzei izvi zvino. Zvakanaka.

<sup>133</sup> Cherechedzai chimwezeve, kuwanda kwekunzvera mune zvesainzi. Zvino, imwe nguva, kungo...Sekuru vangu vakaenda kunoono ambuya vangu, vari muchikochikari. Zvino yave ndege, kana kutenderera muchadenga, kupinda munzvimbo dzemuchadenga-denga. Izvi zvikuru...Sei, ndiani akazvitaura izvi? Dhanieri 12:4, yakati, “Zivo ichawedzerwa mumazuva okupedzisira.” Tiri kuona nguva yatiri kurara mairi. Cherechedzai zvino zvi—zvinhanho zvenyika, chinhanho chezvesainzi.

<sup>134</sup> Zvino cherechedzai zvakare, nhasi, muhurongwa hwedu hwedzidzo. Zvino musaedze kuzviramba izvi. Ndine zvidimbu zvemapepanhau, vachidzidzisa zvepabonde mune edu mache...muzvikoro zvedu, vana vadiki vechikoro vave nehukama hwepabonde umwe neumwe, kuti vaone kuti vanogona kuzosangana here munyika. Hongu, changamire.

<sup>135</sup> Ko muchiprisita chedu? Manheru ano ndine chidimbu chebepanhau. Uko kuLos Angeles, California, uku kune boka revafundisi, maBaptisti nemaPresbyteriani, vashumiri, vakauya neboka rengochani ndokuita chingochani, vachiti vari kuedza kuvaita kuti vauye kuna Mwari. Apoka, ndicho chimwe chezvituko zvenguva ino, muSodhoma! Zvino mutemo vakatovasunga.

<sup>136</sup> Zvino tave papi? Hurongwa hwedu hwose hwawora pasi pedu. Ndakaona kuwedzerwa kwechingochani kwese-kwese muUnited States kwatowedzera nezvikamu makumi maviri kana makumi matatu kubva muzana kudarika gore rapfuura. Funga izvozvo, murume achirarama nomumwe murume, chaizvoizvo sezvavakaita muSodhoma.

<sup>137</sup> Kuwanziridzwa kwekuparwa kwedzimhosva, misikanzwa yevechidiki! Tiri kurarama munguva ipi yacho? Nhasi uno Shoko iri rechiporofita razadzikiswa.

<sup>138</sup> Nyika yezvinamato, kereke pachezvayo, kereke, kereke yakadanwa, iyo yatinodaidza kuti kereke yakadanwa, zera rechechi rokupedzisira, zera rechechi yePentekosti, iri kupi? Iri muRaodhikia, sekutaura kwakaita Rugwaro.

<sup>139</sup> Nhasi uno vaderedza chiyero. Madzimai avo havana kupfeka zvakazara. Varume vavo...Chinhu chakashata kwazvo. Vamwe vavo vakarooro katatu kana kana, vari mubhodhi remadhikoni, nezvimwe zvose. Vaderedza chiyero, vachibva vaunza kuwora, nokuti vakagara mumakanzuru zvino ndokutora nzvimbo pamwe nenyika.

<sup>140</sup> Zvino, nhasi, vane zvivakwa zviri nani, zvavasati vambove nazvo. Imwe nzvimbo, mumwe wacho ari kuvaka odhitoriyamu yemadhora mamiriyoni makumi mashanu, mamirioni makumi

mashanu emadhora. MaPentekosti! Zvaisimboitikira zasi pakona, makore makumi maviri nemashanu apfuura, vachiridza tamborini. Ndokuti, “Isu . . .”

<sup>141</sup> Nokuti, Rugwaro rwakati, muna Zvakazarurwa 3, nokuti iwe uri “‘Mupfumi,’ wakati, ‘Ndakapfuma. Ndinogara samambokadzi. Hapana chandinoshaiwa.’ Zvino usingazive kuti une nhamo, wakasuwa, uri murombo, wakashama, uri bofu, uye hauzvizive!”

<sup>142</sup> Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa mumaziso enyu. Amen! *Ameni* zvinoreva “ngazvive saizvozvo.” Handisi kuzviitira maameni pachangu, asi ndinoreva kuti ndinotenda kuti IChokwadi. Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.

<sup>143</sup> Chechi yechiPentekosti iri muchinhanho cheRaodhikia. Oo, vachiri kusvetuka pamwe nekudanidzira, vachienderera mberi kana mumhanzi wavo uchiridzwa. Kana mumhanzi wamira kuridzwa, kana mumhanzi wekupengereka uyo vamwe vavo vanoridza zvino vachiudana kuti Chikritsu, zvino iwoyo paunongomira, kubwinya kwose kunobva kwaenda. Hongu.

<sup>144</sup> Kana kuri kurumbidza chaiko kuna Mwari, hakuna kana pembe dzakakwana uye nesimba rakakwana—rakakwana riri munyika ringagona kukumisa. Kana kuri kunyatsobva kuna Mwari, hazvitombotori kuridzwa kwemumhanzi kuti kuendeke. Zvinотора Mweya waMwari kuti udzike pakuri. Ndiwo unozviita.

<sup>145</sup> Zvino vakatoZvikanganwa kare-kare, nokuti vakati chipo cheMweya Mutsvene, “kutura nendimi ndicho chiratidzo chekutanga.” Zvino ndakanzwa madhimoni nevaroyi vachitaura nendimi.

<sup>146</sup> Mweya Mutsvene ndiro Shoko raMwari mauri, unozvzivisa pachezvaWo nekugamuchira Shoko iroro. Kunze kwaizvozvo, haugone kuva Mweya Mutsvene. Kana uchiti Mweya Mutsvene, zvino woramba Shoko rimwe chete remuBhaibheri iroro, haukwanise kunge uri Mweya Mutsvene. Ndiwo humbowo hwekuti unotenda here kana kuti kwete.

<sup>147</sup> Cherechedzai chimwe chiratidzo chikuru. MaJudha ave kumusha kwavo; nyika yavo pachavo, mari yavo, nhengo yeUnited Nations. Vane mauto avo. Vane zvinhu zvese. Vari kumusha kwavo; uko, Jesu akati, “Dzidzai pamufananidzo wemuonde.” Avo variko, vadzokera chaimo munyika mavo. Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa, maJudha ave kumusha kwavo.

<sup>148</sup> Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa, Zera reChechi yeRaodhikia.

<sup>149</sup> Nhasi uno Rugwaro urwu, Mateo 24, rwazadzikiswa. Nyika iri mukuwora, chinhu chacho chose; rudzi rwuchipesana nerumwe rudzi, kudengenyeka kwenyika munzvimbo

dzakawanda, zvamupupuri zvikuru zvichidzika, zvichizunguza nyika, nezvakadaro, kuparadzwa kukuru kwazvo kwese-kwese. Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.

<sup>150</sup> Zvino taona chinhanho chenyika. Tiri kuona chechi chaiyo, chaiyo . . . Sanganano, chechi ine hurongwa, tiri kuona pavari. Tiri kuona pane marudzi. Zvino tiri kuona nhasi uno kuti vimbiso idzi dziri kuzadzikiswa.

<sup>151</sup> Zvino, asi muzuva rino kuchauya Mbeu yeHumambo yaAbrahama, yepamusoro. Ndizvo chaizvo zvaIchange iri, ichava Mwenga weHumambo kune Mwanakomana weHumambo, akavimbiswa. Sekutaura kwandakaita husiku hwapfuura, haizovi mbeu yapaniyama, inenge iri Mbeu yepamweya. Pachazenge paine Mwenga wepamweya uchasingamuka, unozove Mbeu yeHumambo yeKutenda kwehumambo yeMwanakomana weHumambo waAbrahama. Anofanirwa kuchionekwa panzvimbo mumazuva okupedzisira, uye nguva nenzvimbo ivimbiso yakapihwa kwaAri.

<sup>152</sup> Maererano naMaraki 4, Gwaro, panofanirwa kusimuka Mharidzo ichazunguza moyo yevanhu ichidzoserana kumadzibaba echiapostora zvakare. Panofanirwa kuuya mumwe panzvimbo, ari musimba raEria, uyo achauya panzvimbo; murume wemurenje achabuda, achange aine Mharidzo ichamhanya ichidzokera kuShoko zvakare. Ndiyo nguva yatiri kurarama mairi.

<sup>153</sup> Zvino, chicherechedzai iko zvino, ndinokubvunzai munguva ino, imi vanhu vari pano vemuJeffersonville. Muna 1933, Chiedza chemweya chakadonha zasi uko kurwizi, zuva riye pandainge ndichibhabhatidza vanhu mazana mashanu muZita raJesu Kristu, apo ndiri mukomana angaite makore makumi maviri okuberekwa. Chakati kudii, Jeffersonville? Chaive Chii panoperera Spring Street apo, apo bepanhau *Courier Journal*, ndinotenda kuti raive *Louisville Herald*, rikanyora nyaya yacho yezvaCho? Yakaenda ndokudarika nekuAssociated Press, ndokupinda muCanada. Chiremba Lee Vayle vakacheka kubva mubepanhau, kumusoro uko muCanada, muna 1933.

<sup>154</sup> Pandakanga ndichibhabhatidza munhu wangu wegumi nechinomwe, ndiri pasi peChapupu ichi; zvino munoziva nyaya yezvimwe zvose. Zvino pandakanga ndakamira ipapo, ndichibhabhatidza munhu wegumi nechinomwe, Chiedza chakadzika kubva Kudenga, chichipenya chiri pamusoro ipapo, seNyeredzi yaidonha kubva Kudenga. Izwi rakati, “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa kunotungamira kuuya kwaKristu kwekutanga, Mharidzo yako ichatungamira Kuuya kwaKe kwechipiri, pasi rose.” Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.

<sup>155</sup> [Ungano iri kufara—Mupepeti] Nhasi uno! [Ungano iri kunyanyofara ichirumbidza Mwari.] Mwari vakazvivimbisa. Chii chakaitika? Nhasi uno Yakapoterera nyika yose.

<sup>156</sup> Zvino Mwari pavakadzika ikoko vakataura izvozvo, pandaive ndiri mukomana muduku, mugwenzi raipfuta, kana kuti pachikwenzi kumusoro uko, chaibvira neShongwe yeMoto, kumusoro kuno kunzvimbo yaWathen kuUtica Pike; ndakatakura mvura ikoko, kubva padanga kuenda paive nemudziyo waibikiswa doro, munoziva chokwadi chazvo. Akati, “Usambofa wakaputa, kana kunwa, kana kusvibisa muviri wako, nekuti pane basa raunofanira kuita kana uchinge wakura.” Ndinopupura izvi kuti iChokwadi, kuti ndakaZviona. Uye Mwari, sezvaAkaita naMosesi, akataura pamberi peungano zasi uko, achibva ati, “Ichi ndicho Chokwadi.”

Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa pakati penyu.

<sup>157</sup> Tarisai zvaAkataura pamusoro pekunzvera, uye kuti kwaizoita sei; kubva pakuturika maoko pamusoro pavo, kusvika pakuziva zvakavanzika zvemoyo. Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa pamberi pemaziso edu chaiwo.

<sup>158</sup> Vimbiso dzakaitwa, cherechedzai, vimbiso dzose idzi dzaive dzasimbiswa dzikazadzikiswa naMwari wevimbiso. Tarisai, kwakaremba muWashington, DC, manheru ano, mufananidzo we Mutumwa waJehovha!

<sup>159</sup> SaGeorge J. Lacy, mukuru weFBI yezvidhindo zveMinwe nemagwaro wehurumende yeUnited States, vakaChinzvera kubva kuHouston, Texas, ndokuti, “Ndicho chete Chinhu chemweya chati chambotorwa mufananidzo pasi rose.” Aitofanirwa kuziva; ndiye nyanzvi hurusa iripo pasi rose, weizvozvo.

<sup>160</sup> Cherechedzai, heyo Yakaremba, seChokwadi, Shongwe yeMoto imwe chete yakatungamirira vana veIsraeri kare uko murenje. Iri kutungamira nhasi, mhando imwe chete yeMharidzo, yokuti, “Budai kubva muEgipita!”...?...Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa. Munoziva Mharidzo yaAkataura.

<sup>161</sup> Tarisai kune chiratidzo chekuTucson, makore matatu apfuura, paya ndakamira pano panzira. Apo, makore mashanu zvisati zvaitika, Akati, “Zuva iro guta richarovera hoko pasi pamberi pegedhi iro, enda wakananga kuMadokero.” Vanhu vangu vemutabhanakeri vari pano, vanoziya chiya chipor-... pa—panguva iyoyo. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>162</sup> Zvino zuva iro VaGoynes nevamwe vakanga varipo ipapo, ndokurovera hoko yacho pasi, ndakati kumudzimai wangu, “Pane chimwe chinhu pamusoro peizvi.”

Iye ndokuti, “Chii ichocho?”

Zvino ndakapinda mukati ndikatarisa mukabhuku kangu kaduku. Hezvo zvaivemo.

<sup>163</sup> Zvino mangwanani aya aitevera, na ten o'clock, ndakagara imomo, mukamuri yangu imomo, tingati kuma ten o'clock,

Mutumwa waJehovha akadzika. Ndokuti, “Enda kuTucson. Uchange uri kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva kweTucson, ikoko kuchauya Ngirozi nomwe dziri muchitsumbu zvichazunguza nyika yose yakakupoterredza.” Ndokuti, “Uchadzwa iwe kubva ikoko.”

<sup>164</sup> Vangani vanoZvirangarira izvozvo, pano, kumashure zvisati zvamboitika? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Pane varume vagere muchivakwa chino manheru ano, vaive vamirepo pazvakaitika.

<sup>165</sup> Zvino ndokuti, “Zvisimbiso Zvinomwe zvezvakavanzika zvakavanzwa muBhaibheri rose zvichazarurwa, zvichizadzisa Zvakazarurwa 10, kuti muMharidzo yeMutumwa wechinomwe zvinhu izvi zvinofanira kuitika.” Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa mumaziso edu. Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.

<sup>166</sup> Gore rakapera, ndimire panzvimbo imwe chete, VaWood pano neni, tichikwira chikomo, vachiita sekunge vaichema, pamusoro pemudzimai wavo airwara. Mweya Mutsvene wakati, “Nhonga dombo riri apo. Rikandire mudenga. Kana radzika pasi, uti, ‘ZVANJI NAJEHOVHA, pachave nekutongwa kucharova nyika.’ Muudze kuti achaona ruoko rwaMwari, mumaawa mashoma ari kutevera.”

<sup>167</sup> Ndakaudza VaWood; vari pano manheru ano. Zvino, ndinofungidzira kuti, varume vasere kana gumi, kana gumi nevashanu vavo, vaive varipo ipapo panguva iyoyo pazvakaitika; mangwanani akatevera, apo Ishe vakadzika pasi muchamupupuri vakabvarura gomo paive pakatipoteredza, ndokucheka pamusoro pemitu, uye ndokuita kuputika kutatu, ndokuti, “Kutongwa kwananga kuMahombekombe ekuMadokero.”

<sup>168</sup> Mazuva maviri shure kweizvi, Alaska yakapotsa yanyura pasi penyika. Zvino kubvira ipapo, kukwira nokudzika kuMahombekombe, kufufuma kwekutonga kwaMwari kuchipesana nechidzitiro ichocho chemweya. Pane chidzitiro chedare, pane chidzitiro chetsanga, uye pane chidzitiro chechivi.

<sup>169</sup> Kubudirira kwehungwaru kwafamba nezuva; ndizvo zvakaaitawo Evhangeri. Vakabva kumabvazuva vachienda kumadokero, semaifambiro anoita zuva. Zvino Yave kuMahombekombe ekuMadokero. Haigone kuenderera mberi; Ikaenderera mberi, Inodzokera kumabvazuva zvakare.

<sup>170</sup> Muporofita akati, “Kuchava nezuva risingagone kunzi husiku kana masikati,” zuva rakadzimaidzwa, mvura inonaya zhinji nemhute, zvakarungana kuti munjoinha sei chechi kana kuisa zita rako mubhuku. “Asi kuchava neChiedza senguva dzemadekwana.” Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.

<sup>171</sup> Rimwe chetero—rimwe chetero z-u-v-a rinobuda kumabvazuva ndiro rimwe chete z-u-v-a rinodoka kumadokero. Zvino M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a waMwari mumwe chete akauya kumabvazuva Achizvisimbisa saMwari achiratidzwa munyama, ndiye M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a waMwari mumwe chete kunyika dzekumadokero kuno, Achizviratidza pakati pechechi husiku hwanhasi, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingapere. Chiedza chemanheru cheMwanakomana chauya. Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa pamberi pedu.

<sup>172</sup> Tiri papi muzera rino raAbrahama? Tiri papi munguva ino huru yatimire, nguva huru yatiri kurarama mairi? Zviratidzo zvose zvakazadzikiswa.

<sup>173</sup> Ko zvakadii apo mushumiri mudiki shamwari yedu pano, chechi yatinowadzana nayo, Junior Jackson, akauya achimhanya kwatiri humwe husiku, ini ndiri zasi uko. Akati, “Ndakava nechiroto, Hama Branham, chiri kundinetsa. Ndakaona hama dzose dzakaungana pachikomo.” Ndokuti, “Pachikomo ichi, maitidzidzisa kubva pamavara aive akanyorwa, zvairatidzika kudaro, semamwe mavara ayo nenguva aive akatonyorerwa mudombo. Pamakapedza izvozvo, zvose zvakange zvapera, makatiudza, ndokuti, ‘Swederai pedyo,’ zvino isu tese takaungana.”

<sup>174</sup> Ndokuti, “Makasveverera pane imwe nzvimbo, zvinoita sokunge, makawana chakaita semugwara muchibva marova pamusoro pepiramidhi duku rikavhurika. Zvino, parakadaro,” ndokuti, “dombo regranite risina chakanyorwa pariri. Mukatiudza kuti ‘titarise pamusoro peizvi.’ Zvino imi mose. . . Tose takatanga kutarisa.” Ndokuti, “Ndakatendeutsa musoro wangu, ndikakucherechedzai makananga kumadokero, nezvese zvaive mamuri, muchienda kunodokera zuva.” Vangani vachiri kuzvirangarira izvi? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti]

<sup>175</sup> Zvino ndakamira ipapo zvishoma kusvikira Mweya Mutsvene wazvizarura. Ndakati, “MuBhaibheri rose, seizvo zvakazarurwa kumunhu, kubudikidza nokururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, rubhabhatidzo nemuZita raJesu, nezvinhu zvose izvi, zvakazarurwa; asi pane zvakavanzika zvakavigwa mukati, nokuti Bhaibheri rakasimbiswa neZvisimbiso Zvinomwe. Ndinofanirwa kuenda ikoko kuti ndichiwane.”

<sup>176</sup> Mangwanani aye pakadzika Ngirozi nomwe dzikaputitsa nyika, matombo akabhururuka kwese-kwese, Ngirozi nomwe dzakamira ipapo ndokuti, “Dzokera kuJeffersonville, uko kwaunobva, nokuti Zvisimbiso Zvinomwe zvezvakavanzika zvinomwe zvichazarurwa.”

<sup>177</sup> Hezvinoi tiri pano, nhasi, tichinzwisisa *Mbeu yeNyoka*. Mumazuva mashoma, kana Mwari achitendera, tichanzwisisa chaizvoizvo zve*Kuroorana NeKurambana*. Nezvinhu zvose izvo



zvazarurwa naMwari, Chisimbiso chose, zvakanzika kubva nyika isati yavambwa. Zvino tange tiri mumufaro, muHupo hwemaropafadzo aKe! Izvi ichokwadi. Nhasi uno, Rugwaro urwu!

<sup>178</sup> Magazini re*Life* raive rine nyaya yacho, “Chiedza chedenderedzwa chisinganzwisike chinokwira mudenga pamusoro peTucson nePhoenix,” nenzira imwe cheteyo yandakakuudza nayo gore zvisati zvaitika, kuti zvaizoita sei, sechinhu chemakona matatu. Mufananidzo wakaremba muhechi zasi uko. Imi makatora magazini munawo. Hecho pachaiwa, chaizvoizvo. Ivo vakati, “Chaive mudenga mamaera makumi maviri nemanomwe yeye mamaera makumi matatu pakupamhama.” Havanzwisise nazvino kuti chii chakaitika. Chakauya zvisinganzwisike yeye chikaenda zvisinganzwisike.

<sup>179</sup> Hama Fred Sothmann, Hama Gene Norman neni, takamira ipapo. Zvapupu zvitatu. Sekutora kwaAkavaita pamusoro pegomo; Petro, Jakobho, naJohane, kuti vave zvapupu. Ndokumira ipapo tichiona zvichiitika, ndokuona zvichiitwa.

<sup>180</sup> Hechoka Icho, chakaremba mudenga; kure kwazvo, hakuna mwando, hakuna hunyoro kana chimwe chinhu chokuita mhu—mhute. Ko zvaisvika sei ikoko? Dzaive Ngirozi dzaMwari dzichidzokera, mushure meMharidzo yadzo. Nhasi uno chiporofita ichi chazadzikiswa pakati pedu. Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.

<sup>181</sup> Tarisai, Zvisimbiso Zvinomwe zvazarurwa. Chamupupuri chiri kuMahombekombe ekuMadokero. Zvino, musazvipotse, sezvavakaita kumashure uko.

<sup>182</sup> Zvino, kutarisa kwedu, nepedyo kune zuva redu. Ko Gwaro rinoti kudii nezvezuva ranhasi, uye nepamusoro penguva yatiri kurarama mairi? Jesu achitaura... Handina nguva yekuatora ose, asi ndinoda kutora iri ndisati ndavhara.

<sup>183</sup> Jesu akati, muna Mutsvene Ruka chitsauko 17, ndima 30. Jesu Kristu, Shoko pachezvaKe! Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Jesu Kristu, Shoko pachezvaRo, rakaitwa nyama, rakataura ndokutaura zvichazove Shoko mumazuva okupedzisira, chii chichava chiratidzo chekuguma kwenyika. Akavaudza kuti rudzi rwuchamukira rumwe rudzi, asi iYe akati, “Sezvazvaive mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava nezva iro Mwanakomana wemunhu achange achizarurwa.”

<sup>184</sup> Zvino, apo Jesu paakauya panyika, Akauya nemuzita reVanakomana vatatu. Mwanakomana wemunhu, anova muporofita; Mwanakomana waMwari; neMwanakomana waDhavhidha.

<sup>185</sup> Zvino, Akararama panyika pano. Haana kumbotaura kuti Aive Mwanakomana waMwari. Akati, “Ndiri Mwanakomana wemunhu.” Jehovha pachaKe akadaidza Ezekieri nevaporofita, “Mwanakomana wemunhu.” Nokuti, Aifanira kuuya kuzozadzikisa Gwaro semuporofita. Mosesi akati, “Jhovha Mwari wenyu achasimudza Muporofita akafanana neni.” Ndicho chikonzero Aisagona kuve Mwanakomana waMwari ipapo, nokuti Aiva Mwanakomana wemunhu. Iye... “Shoko rakauya kuvaporofita.” Zvino Aive Shoko riri muhuzaro hwaRo. Mwanakomana wemunhu, mu—muporofita mukuru... Kwete muporofita mukuru, asi Mwari-Muporofita, “Huzaro weHumwari mumutumbi hwaive maAri.” Nokudaro, Aive Mwanakomana wemunhu.

<sup>186</sup> Zvino, kwezviuru zviviri zve makore, Anga achizivikanwa kwatiri soMwanakomana waMwari, Mweya.

<sup>187</sup> Zvino muMireniyamu, Achange ari Mwanakomana waDhavhidha, ari paChigaro. Tose tinozviziva izvozvo, avo vanotenda Magwaro.

<sup>188</sup> Zvino, Jesu akati, panoperera zera rekereke rino ratiri kurarama mariri, kuti izvo, “Mwanakomana wemunhu achazarurwa zvakare sezvazvaiva nenzira imwe cheteyo, sezvazvaiva paSodhoma.”

<sup>189</sup> Tarisai kuti, munhoroondo, Akazvipa sei. Akati, “Sezvazvaiva mumazuva,” kutanga, “aNoa, kuti vaidya sei, kunwa, kuroorana, vachichaya mapoto.” Zvino Achibva aunza, chinotevera, chokupedzisira, kune Mwanakomana wemunhu, paSodhoma. Nokuti, ipapo Akange achishanda nemaJudha; pano, muSodhoma, Ari kushanda neveMarudzi. Ipapo, Akavanyudza vose nemvura, mukutongwa; pano, paMarudzi, Akavapisa vose pazuva reSodhoma. Ndizvozvo chaizvo. Nyika yeveMarudzi yakatsva ipapo, “saka ndizvo zvazvichange zviripo apo Mwanakomana wemunhu achizarura.” Haichisiri mvura zvino, asi uchange uri moto nguva ino. Jesu akaverenga kubva pana Genesi 23 mumwe chete wataverenga kubva paari, paAkaverenga nezveSodhoma.

<sup>190</sup> Zvino, tinobvuma zvinhanho zvakataurwa pamusoro pazvo, chinhanho chenyika cheSodhoma, vaSodhomi, chinhanho cheSodhoma. Isu, mumwe nomumwe, tichati “ameni” kune izvozvo. Tinozvitenenda izvozvo. Zvakanaka.

<sup>191</sup> Zvino chinhanho chepamweya cheRaodhikia, kereke yepanyama, tichati “amen” kune izvozvo, togamuchira zviratidzo zvavo. Tinoziva kuti zviratidzo zvose zviripo. Chechi iri muRaodhikia. Tinozviziva. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>192</sup> Tinoziva kuti nyika iri muchinhanho cheSodhoma. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Tinozvigamuchira izvozvo.

193 Ko totii nezvechiratidzo chaAbrahama, uyo akamirira mwanakomana wevimbiso? Ndicho chaive chiri chimwe chacho.

194 Rangarirai, vaive neSodhoma kumashure uko; vaive nemutumwa wavo. Uye Abrahama aiva neMutumwa kwaari.

195 Abrahama aive akamirira, zuva nezuva, kune, chinhu potse chaisagona kuzomboitika. “Sara, aine makumi mapfumbamwe, iye aine zana.” Maererano nevimbiso yaMwari, aive achakangomirira. Pakati pekutsoropodzwa kwose, aive akamirira mwanakomana uyu.

196 Saka ndizvo mutendi wechokwadi achiri akangomirira Mwanakomana uya akavimbiswa kuti adzoke! Cherechedzai, mwanakomana ave kuda kusvika, paive nechiratidzo chaakapihwa. Ko chiratidzo cheMwanakomana ari kuuya hachisi here kuzozarurwa kuMbeu yehumambo yaAbrahama yakamirira Mwanakomana weHumambo, zvimwe chete sezvazvakange zviri kuna baba Abrahama pamusoro pemwanakomana wepanyama? [Ugano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndizvozvo chaizvo? [“Ameni.”] Jesu akataura kudaro, pano muna Mutsvene Ruka 17:30, “Nguva iyi isati yasvika, kuti, Mwanakomana wemunhu achazarurwa sezvaAkaita mumazuva eSodhoma, Sodhoma isati yaparadzwa.” Zvino tave kutarisira chiratidzo.

197 Zvino ngatitorei zvinhanho zvinguva sezvazvaiva muSodhoma. Cherechedzai, vose vakaenda ndokupinda muhuSodhoma, pasi rose.

198 Ndinofunga mumwe wevatungamiri vezvemabhaisikopo akaisa mufananidzo, kwete kare, uye ndakatoriona, rainzi, *Sodhoma*. Kana mukazoriona hapana zvimweze kusara kweizvozvo, chimboritarisai. Zvirokwazvo mufananidzo wakanaka kwazvo weUnited States nhasi uno, Hollywood, chaizvoizvo; mhando imwe chete yemapfekero nezvimwe zvose zvavaiita nguva iyoyo; gungano huru dzekudhakwa nezvimwe zvose, zvinamato zvakatsauka zvevanhu, vachinzi vanamati.

199 Cherechedzai, zvino Sodhoma yaive nechapupu, uye aive muchinda ainzi Roti, aive mwana wemukoma wa—waAbrahama.

200 Zvino, Abrahama haana kuenda kuSodhoma, iye neboka rake. Aive ane boka guru pamwe chete naye, raikwana kurwisa potse madzimambo gumi nemaviri nema auto avo. Saka, aive neboka guru pamwe chete naye. Zvino aive agere hake pasi pemuti wemuoki, rimwe zuva, apo zvinhu zvechokwadi zvakange zvisiri kumufambira zvakana; hapana aive nechokuita naye, asi zvakadaro ainge achiri akabatirira pavimbiso iyoyo.

Tarisai iko zvino, nepedyo, tisati tavhara.

201 Paakanga agere ipapo, pakauya varume vatatu, vachifamba vakananga kwaari. Vaviri vavo vakaenda muSodhoma

vakaparidza Evhangeri kwavari, kuti vabude, kuna Roti. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Asi Mumwe chete akasara naAbrahama. Cherechedzai, Uyo akasara naAbrahama aiva Mwari pachaKe. Vamwe vacho vaviri dzaive Ngirozi vatumwa.

<sup>202</sup> Zvino, zasi uko muSodhoma, hadzina kuita zvishamiso, kunze kwekuvapofomadza. Zvino kuparidzwa kweEvhangeri kunogara kuchivapofomadza.

<sup>203</sup> Zvino tarisai mamiriro ezuva iroro. Pane chechi yepanyama. Nguva dzose muhutatu, sekutaura kwandakaita husiku hwapfuura, Mwari anomiririrwa. Pakanga paine vaSodhomi; vaRoti; nevaAbrahama. Zviri pachinzvimbo chimwe chetecho manheru ano, nyika igere saizvozvo.

<sup>204</sup> Regai ndikubvunzei chimwe chinhu. Tarisai pane mamiriro ezvinhu aya zvino. Abrahama akadana Murume uyu waitaura naye, “Erohimu.” Izwi rechiHebheru rinoti *Erohimu* rinoreva kuti “uyo Akazvikwanira, iYe ari wemuna Ziendanakuenda Wacho,” Erohimu, Mwari pachaKe!

<sup>205</sup> Pakutanga, Genesi 1, yakati, “Pakutanga Mwari. . .” Torai izwi rechiHebheru ipapo, pamwe, kana rechiGiriki, waro, “Pakutanga *Erohimu* akasika denga nenyika.”

<sup>206</sup> Pano, iYe, muna Genesi, tingati pana 22 pano, iYe anoti zvakare, kana—kana tingati pana 20, Akati, uye akadana zita reMurume uyu “Erohimu.” Sei akazviita? Mwari, akamiririrwa munyama yemunhu, ndokugara naAbrahama akadya sangweji yemhuru, achinwa mukaka, akadya chingwa. Mwari pachaKe, achibva anyangadika pamberi paAbrahama.

<sup>207</sup> Asi Akamupa chiratidzo. Cherechedzai. Zvino chiratidzo ichi chaive chokuti Aive akapira musana waKe kutende.

<sup>208</sup> Zvino rangerirai, Abrahama, zita rake rainzi *Abrama* mazuva mashoma zvisati zvaitika, Sara aive *Sarai* kumashure kwacho; S-a-r-a-i achizove S-a-r-a, A-b-r-a-m-a akazove A-b-r-a-h-a-m-a. *Abrahama* zvinoreva “baba vemarudzi.”

<sup>209</sup> Zvino chinyatsocherechedzai nepedyo pano, tiri kuzoona mamiriro akaita nguva iyi yatigere mairi, sekuudzwa kwatakaitwa naJesus kuti titarisire mamiriro aya. Takaona zvimwe zvacho zvose zvakanaka; zvino ngatichionei Mbeu yehumambo, mamiriro ayo avanofanirwa kuona.

<sup>210</sup> Zvino Murume uyu akati, “Abrahama, mudzimai wako Sara, aripi?”

Zvino Abrahama ndokuti, “Arimo mutende, kumashure kweNyu.”

<sup>211</sup> Zvino, Aive asati ambomuona. Ko Akaziva sei kuti zita rake raive *Abrahama*? Ko Akaziva sei kuti zita remudzimai raive *S-a-r-a*? “Abrahama, mudzimai wako Sara, aripi?”

Ndokuti, “Ari mutende, kumashure kweNyu.”

<sup>212</sup> Akati, “Ini. . .” “Ini,” chisazita singwi. “Ndichakushanyira maererano nevimbiso. Mudzimai wako achava nemwana wacho. Wakavimba neNi, zvino Ndichaita kuti zviitike.”

<sup>213</sup> Zvino Sara, ari mutende, kumashure, achiterera zvokubirira kana kunzwa achibirira, chero zvamungazvidaidza, achiterera nomutende, akasekera mumoyo, zvino ndokuti, “Zvino, ini, chembere yakaita seni, kuva nemufaro naishe wangu; zvino naiye achemberawo, zvakare, kunze uko ane makore zana okuberekwa? Apo, izvi hazvina kuitika kwemakore mazhinji, akawanda.”

<sup>214</sup> Zvino Murume, M-u-r-u-m-e, agere ipapo achidya, ari munyama yemunhu, achinwa nokudya semunhuwo zvake; aine guruva pambatya dzaKe, uye aive neguruva patsoka dzaKe, zvino Abrahamu akadzigeza. Mwari, pachaKe, akatarisa-tarisa, iYe ndokuti, “Ko Sara asekei, shure mutende, achitaura izvi?” Aiziva, aigona kunzvera pfungwa dzaSara ari mutende, kumashure kwaKe. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti]

<sup>215</sup> Zvino, apo Mbeu yeHumambo yaAbrahamu payakauya panyika, chiratidzo chipi chaAkaratidza, Mwanakomana wemunhu. Simoni akauya kwaAri rimwe zuva; Andrea akauya naye. Akati, “Zita rako ndiSimoni. Uri mwanakomana waJonasi,” Iye akati. Munoono, zvakamuita mutendi.

<sup>216</sup> Firipo akaenda ndokunitora Natanaeri; akadzoka, akati, “Huya, uone Murume Uyo wata—watakawana; Jesu weNazereta, mwanakomana waJosefa.”

<sup>217</sup> Akati, “Zvino miraka zvishoma. Pane chakanaka chingabude here mukupengereka kwakadaro?”

Akati, “Huya, uone.”

<sup>218</sup> Zvino pakauya Firipo Muhupo hwaJesu, pamwe chete naNatanaeri, Jesu akatarisa kwaari ndokuti, “Tarirai muIsraeri asina nduru.”

Akati, “Rabbi, ko Makandiziva rinhi?”

<sup>219</sup> Akati, “Firipo asati akudana, pawanga uri pasi pemuti, Ndakuona.”

<sup>220</sup> Akati, “Rabhi, ndiMi Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo weIsraeri!”

<sup>221</sup> Paya mudzimai uya muduku patsime, ari muchinhanho chake chehunhu hwakashata, akauyapo, mukuratidzika kwakadai, kuti achere mvura. Jesu akanga atuma vadzidzi vake, kunotenga zvokudya. Paakauya kuzochera mvura, Akati, “Ndiunzirewo chokunwa, mudzimai.”

222 Iye akati, “Hazvisi patsika kuti Iwe utaure izvozvo. Tine rusarura pano. Zvino, imi maJudha hamunei nechokuita nesu vaSamaria; hatinei nechokuita nemi.”

223 Akati, “Asi, mudzimai, dai waiziva wauri kutaura naYe, waiNdikumbira chokunwa. Ndaikupa mvura hauzouya pano kuzochera.”

224 Akaona paive nedambudziko rake, kuti raive chii. Akati, “Enda unоторa murume wako modzoka pano.”

Mudzimai ndokuti, “Handina kana murume.”

225 Iye akati, “Wataura chokwadi. Wakambenge uine vashanu, uye uyo wauri kugara naye zvino haasi wako.”

226 Akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri muporofita. Tinoziva kuti kana Mesiya achinge auya Achatiratidza zvinhu izvi.”

Jesu akati, “Ndini iYe.”

227 Pane izvozvo, akamhanyira muguta ndokuti, “Huyai, muone Murume Andiudza zvinhu zvandakaita. Ko handiye Mesiya wacho here?”

228 Tarisai, Akaita izvi pamberi pemaJudha, nevaSamaria, asi kwete kuMarudzi. Marudzi, isu vanhu, taive tiri mahedheni mumazuva iwayo, mamwe marudzi, takatakura nduni pamusana pedu, tichinamata mipunzo. Isu takange tisingatsvake Mesiya.

229 Anongoonekwa bedzi kune avo vari kuMutarisira, zvino tinofanirwa kunge tiri kuMutarisira.

230 Asi avo vaiti vari kuMutarisira, chechi pachayo, pavakaona izvi zvichiitwa, vakati, “Uyu ndidhiyabhore. Uyu muwuki, Bherizebbabhu!”

231 Zvino Jesu akati, “Chivi ichochi vanochiregererwa,” nokuti Akange asati afa. “Asi,” ndokuti, “rimwe zuva Mweya Mutsvene uchauya woita zvimwe chetezvo, zvino ukangotaura shoko rimwe chete uchipesana naWo hauzomboregererwi.” Ndiro zuva rino iri, apo Shoko rose rinofanira kubatana pamwe chete. “Kutaura shoko rimwe uchipesana naWo; haufe wakaregererwa munyika ino kana nyika inotevera.”

232 Ndiyo yaive Mbeu yeHumambo yaAbrahama. Zvino pano Mbeu yeHumambo yaAbrahama, iyo yakauya nokuda kwekuziviswa kweMurume uya akanga akagara ipapo naAbrahama, akauya kuzoratidza kuti aive Mwari mumwe chete, achivimbisa muzuva ranhasi, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana womunhu, apo paAnenge achizvizarura pachaKe seMwanakomana wemunhu.” Amen. Rino ndiro zuva rekuti Rugwaro urwu rwuzadzikiswe.

233 Tarisai mamiriro ezvatiri nhasi uno. Tarisai kune chechi apo Mwanakomana waMwari . . . Tarisai kune zuva rakadzimaizwa.

Tarisai kune zviporofita zvole. Zvino, chinhu chinoshamisa, vaenzi vedu vatove pedyo, kana mamiriro acho achifanirwa kunge akaita sepaSodhoma.

<sup>234</sup> Paive nevata tu vavo vakauya, varume vatatu vaionekera vakatumwa kubva Kudenga. Tinozvibvuma izvozvo. Vatatu vavo; Mumwe akasara naAbrahama. Vose vakabva ikoko, asi Mumwe akasara naAbrahama. Vamwe vavo vose vakadzika kuSodhoma. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino Abrahama akanga aine zita rakashandurwa, kubva kuna Abrama kuve Abrahama. Chokwadi? [“Ameni.”]

<sup>235</sup> Hapana kana nguva apo nhoroo, chechi yemunyika, yakambova nemuvhangeri akamboenda kwairi, aiva nezita rinopera na h-a-m, kusvikira zuva rino, Billy G-r-a-h-a-m. Handizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] G-r-a-h-a-m, mavara matanhatu. A-b-r-a-h-a-m-a [Chirungu Abraham—Muturikiri] mavara manomwe. Asi G-r-a-h-a-m mavara matanhatu, inova nyika, munhu. Maona?

<sup>236</sup> Tarisai kuti ndivanaani vakaenda kunze uko, nhasi uno, ndivo vatumwa vakabva Kudenga.

<sup>237</sup> Pane munhu here pasi pano anoparidza zvokutendeuka zviri pachena saBilly Graham? Pakambova here nemunhu akambova nerunziro huru kwazvo pavanhu, saBilly Graham? Hakuna akambovapo, pasi rose, murume. Oo, Billy Sunday, nevakadaro, vaive muno muUnited States, asi Billy Graham anozivikanwa pasi rose. Tarisai kwaari kudana? Kubva muSodhoma.

<sup>238</sup> Zvino ane mumwe wake waanofamba naye ipapo kucheche yePentekosti, Oral Roberts.

<sup>239</sup> Ko boka rakaSanangurwa? Imhandoi yechiratidzo chavanofanira kuona? Chii chavanofanirwa kuva nacho? Hareruya! “Kuchava neChiedza munguva yemadekwana.” Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa. [Ungano inopembera—Mupepeti] Nhasi uno vimbiso yaMwari yazadzikiswa. Tinoziva kuti ichi iChokwadi. Ari pano manheru ano sezvaAive kareko.

<sup>240</sup> Zvino, kuzviparidza, izvo zvandataura nguva yapfuura, kana ukaparidza chimwe chinhu uye chiri Chokwadi cheVhangeri, zvino Mwari vanotosungirwa kuzvisimbisa izvozvo. Ichokwadi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino, kana zvakadaro, regai Mwari akanyora Shoko, regai Mwari akaita chiporofita, regai Mwari ari Mwari weShoko, auye aratidze kuti Achiri Mwari.

<sup>241</sup> Apo Eria akakwira mugomo; achitarisa, Erisha akaenda achitarisa Eria, ndokuti, “Ndinoda mugove wakapetwa kaviri.” Zvino hanzu yaive iri pana Eria yakawira pana Erisha. Akafamba achidzika, ndokupeta gumbeze iri ndokurova rwizi, ndokuti, “Aripiko Mwari waEria?” Zvino chinhu chimwe chete chakaitika kuna Eria, chakaitika kuna Erisha.

<sup>242</sup> Zvino Evhangeri imwe chete, Simba rimwe chete, Mwanakomana wemunhu mumwe chete aive zuro, nhasi, uye achave nokusingaperi. VaHebheru 13:8. MunoZvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino, ndinokubvunzai. Handikwanise kuva iYe, asi iYe ari pano. [“Ameni.”] Isu tingori bedzi vatakuri.

<sup>243</sup> Vamwe venyu imi vanhu muri kunze uko, muri kurwara nokutambudzwa, muchiziva kuti handikuzivei, regai Mwari zvino...kana ndikakwanisa kuzvininipisa zvakakwana. Imi namatai mukumbire Mwari.

<sup>244</sup> Ini handifungidzire...Hakuna kadhi rekunamatirwa muchivakwa chino, ririko here? Kwete, handifunge...Hatina kumbopa makadhi okunamatirwa. Tichava nemusangano wokunamata ku...kana kupodzwa kwevarwere, kuchechi. Asi, imi namatai.

<sup>245</sup> Zvino unoziva kuti ini ndiri mutorwa kwauri. Munoono, imi munondiziva, Jeffersonville! Handidi vanhu vanobva muJeffersonville kuti vadaro. Ndinoda vanhu vekure vanobva kumwewo. Munoono kana Mwari vachiri kuzarura! Munoono kuti Achiri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi!

<sup>246</sup> Ita sezvakaitwa nemukadzi mudiki. Akapfuura nepo, achibva ati, “Ndinotenda Murume uyu.” Aive nedambudziko reropa, achibva ati, “Kana ndikangobata mupendero wehanzu yaKe, ndinotenda kuti ndinopora.” Ndizvozvo here?

<sup>247</sup> Nekuda kwekutenda kwake, zuva iroro, Rugwaro rwakazadzikiswa. “Akasunga moyo wevakaputsika moyo, ndokupodza vanorwara nezvirema.”

<sup>248</sup> Paakangobata hanzu yaKe, ndokufamba achibuda ndokunogara pasi, Akatendeuka ndokuti, “Ndiyani aNdibata?” Ko Akamboziva sei, mugungano guru revanhu, zvichida vakapetwa zviri makumi matatu avo vari pano manheru ano, zviuru zvavo? Ko Akazviziva sei? Akati, “Ndiani aNdibata?” Haana kuzvitauro izvozvo kuti ange achingotaurawo; Akazvitauro nokuti chaive chokwadi. Zvino Akati, “Ndiani aNdibata?” Ipapo akabva Angotarisa kwese-kwese ndokuona mudzimai muduku uya, paaive agere kana kumira, angava mamiriro api aave maari, ndokumuudza kuti dambudziko rake reropa rapera.

<sup>249</sup> Uyu aive ari Jesu zuro. Uyu Ndiye nhasi. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>250</sup> Handikuzivei; Mwari vanoziva. Asi mune marwadzo parutivi, ari kukunetsai. Ndizvozvo. Makagara ipapo muchinamata pamusoro pazvo. Ndiri mutorwa kwamuri, tiri vatorwa mumwe kune mumwe? Simukai, kana zviri izvo. Handikuzivei. Murume *uyu* ari mukona umu, murume wechidiki uyu. Une zvakare pahuro pasina kumira zvakana. Ndizvozvo



chaizvo. Uri kunamata pamusoro pazvo. Uri kungohuta nokuda kwechimwe chinhu. Uchatofanirwa kusiya shumiro nokuti, uri mushumiri, une zvimwe zvokuita zvaunofanirwa kunoita. Ndizvozvo chaizvo. Uh-huh. Unotenda kuti Mwari anoziva kuti ndiwe ani here? Mufundisi VaSmith, zvino endai mugopodzwa. Jesu Kristu akupodzai. Endai henyu kumusangano wenyu; pahuro penyu hapachazokunetsai.

Ndiani waabata?

<sup>251</sup> Pane murume agere shure *kuno*; ari kutambudzika. Ane bundu pabapu rake rekuruboshwe. Haadaro. . . Haasi wemuno. Wakombove mushandi wemumugodhi. Ndizvozvo chaizvo. Ndiri mutorwa chaiye kwauri. Kana zviriro izvo, zunguza ruwoko rwako. Bundu riri mubapu rako rekuruboshwe, uye iwe watomirira kunovhiyiwa izvozvi. Ndizvozvo here? Iwe haubve kuno. Unobva kunze kweguta. Unobva kuVirginia. Ndizvozvo. Unotenda kuti Mwari anoziva kuti ndiwe ani? VaMitchell, ndizvo chaizvo, endai kumba munopora. Jesu Kristu anokupodzai. Bvunzai murume wacho! Handisati ndambomuona, muhupenyu hwangu. Anga akagara apo, achinamata.

Nhasi uno Rugwaro urwu!

<sup>252</sup> [Hama Branham vanopira musana wavo kuungano—Mupepeti] Pano pane mudzimai agere kumashure kuno, shure kwangu, saSara ari mutende. Ari kunamatira mwanasikana. Simuka. Mwanasikana haasi pano; ari kure, mwanasikana wacho. Uye uri zvimwe chete sezvazvaiva apo mumwe mudzimai akauya kuna Jesu, aive nemudzimai aitambudzwa zvakananyanya kwazvo nedhimoni. Mudzimai wacho ari. . . musikana akagarwa nemadhimoni. Haazi pano. Anobva ku. . . Munobva kuNorth Carolina. Munozvitenda here? Uye ndezvechokwadi, handizvo here? Mai Orders, munogona kuenda kumba. Kana mukatenda nemoyo wenyu wese, muchawana mwanasikana wenyu seakawanikwa apo Jesu Kristu mumazuva akare, akati akapodzwa.

<sup>253</sup> Nhasi uno Rugwaro urwu; chiratidzo cheSodhoma, chiratidzo cheMbeu yepamusoro, chiratidzo chechechi yepanyama! Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa pakati penyu. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>254</sup> MunoMugamuchira here iye zvino seMuponesi nemupodzi wenyu? Simukai netsoka dzenyu, mumwe nomumwe wenyu, moti, “Ndinogamuchira kupodzwa kwangu. NdinoMugamuchira seMuponesi wangu. NdinoMugamuchira saMambo wangu.” Mumwe nomumwe mira netsoka dzako.

Nhasi uno! Tererai, shamwari.

<sup>255</sup> “Akaverenga Gwaro, ndokudzosera Bhaibheri kune muprisita, zvino,” ndokuti, “maziso ose evanhu akange akatarisa

paAri. Zvino Akabva atarisa kwavari, ndokuti, ‘Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa.’”

<sup>256</sup> Ndaverenga Gwaro, pamwe nehumboo dhazeni kana kupfuura kuti tave kurarama muzuva rokupedzisira, chizvarwa chichaona Jesu Kristu achizoka panyika. Zvino ndinoti kwamuri manheru ano, zvakare, nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa mumaziso enyu.

<sup>257</sup> Imi muri muTucson, imi muri muCalifornia, imi muri muNew York, vari panhepfenyuro dzefoni, nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa mumaziso enyu.

<sup>258</sup> Ngatifarei nokupembera, nokuti Muchato weGwayana wasvika, uye Mwenga waKe. . . Mwenga waKe Azvigadzirira.

<sup>259</sup> Ngatisimudzei maoko edu tiMupe mbiri, imi vanhu vose. Mwari vakuropafadzei. [Ungano inoenderera mberi nokufara ichirumbidza Mwari—Mupepeti]



*NHASI UNO RUGWARO URWU RWAZADZIKISWA* SHO65-0219  
(This Day This Scripture Is Fulfilled)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chishanu manheru, 19 Kukadzi, 1965, paParkview Junior High School muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazorwa kubva patepi yakarekodhwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)